ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№156 (23.064) • 2015 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 13, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэралым ІэщІэмылъ пенсэ фондхэри зыхуэлажьэр цІыхухэрщ

Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм зыубгъуауэ щытопсэлъыхь къэралым Іэщ1эмылъ пенсэ фондхэм яхуэгъэзауэ иджыблагъэ УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм къыхилъхьа жэрдэмым. Ар зытеухуар къэкІуэну зэманым пенсэ зратынухэм зэрателажьэм и фІагъым емылъытауэ апхуэдэ дэтхэнэ зы Іуэхущ1ап1эми илъэсым зэхуихьэса ахъшэм щыщу зы процентыр тыгъэу абы хухэхьнырщ.

АПХУЭДЭ жэрдэмыр къызэрыщыхъуам щытепсэлъыхьым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лъжьыгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныжкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ, Налшык къалэ округым и администрацэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и центрым и унафэщІ Канунниковэ Татьянэ къыхигъэщ1ыкІащ дэтхэнэ пенсэ фондри псом япэу цІыхухэм я ефІэкІуэныгъэм телэжьэн хуейуэ къызэрилъытэр. «Къэкіуэну зэманым пенсэ зратынухэм папщІэ къалэжь ахъшэр зыхудизым емылъытауэ, къэралым Іэщ1эмылъ пенсэ фондхэм зэхуахьэса ахъшэм и зы процентыр сауныгъэ ящ1ыгъуэ.

Ауэ Правительствэм щыщу социальнэ Іэнатіэм пыщІахэм апхуэдэ жэрдэмыр къызэремызэгъыр, ар къэралым и цІыху къызэрыгъэкІыу мелуанхэм зэран зэрахуэхъунур пхагъэкІыфынуу дыщыгугъынщ».

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

Хъарзынэу йохъулІэ

Гъэмахуэ хъупІэхэм

Дзэлыкъуэ щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерысакъэпхъэхэмкІэ и Іуэхущ1ап1эм и зоотехник нэхъыщхьэ Маргъущ Толэ къызэрыджи1амкІэ, Іэщ1ышхуэу минищ1ым нэблагъэ мы гъэм Къущхьэхъум щ1ыгъщ. Зэраубзыхуам тету. Къуарты1шхуэ, Хьэмащ1, Аурсэнтх, Мушт, Екіэпц1экъуэ, Дзэлыкъуэ гъэмахуэ хъупІэхэм, нэгъэущІхэми и чэзум трагуэшауэ, фермэхэр хъарзынэу мэлажьэ, гъэшыфІ къаш.

НОБЭ ирихьэлІэу шэ тонн 5400-м нэс Іыхьпі1эхэм ираташ.

Іэщ1эвыщ1эм къадэкІуэу, шыуэ минитІым, мэлу мин тІощ1ым нэблагъэ Къущхьэхъум щы1эщ. Фермэхэр 25-м ныззрохьэсри, Іэщ1ыхъуэкІэ зэхурокъу, псори ерыскъы щ1эщыгъуэкІэ къызэрагъэпэщ, улахуэр и чэзум я1эрохьэ.

ХъупІэхэм кьехьжмэ, зыщ1ыхьэжыну псоуалъэхэр еужьэрэкІыну зыхуей хуагъаз. Іэщ1ым хуогъэтІыпІэ. Мы зэманым, силосыпхъэр хэмыту, дэтхэнэми хуэззу мэкъумылэ единицуу центнер 13 ягъэхьэзыращ. А бжыгъэр центнер 26-м нагъэсыну я мурадщ. Силосыр зэрыІуахыжыну хуэхьэзырщ. «Псынэдахэ» мэкъумэш хозяйствэм абы дыгъуасэ щ1идзащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Мы махуэхэм

Щ1ыщхьэуІум и 13, *махуэку*

♦И Іэ сэмэгур нэхъ зыгъэшэрыуэм и дунейпсо махуэщ

♦Тунисым щагъэлъапІэ цІыхубзым и махуэр

♦1928 гъэм Лондон дунейм щ1ыяпэу нэтынхэр щхъуэкІэплъыкІэу телевизоркІэ къагъэлъагъуэу щ1ыхуежьащ

♦1942 гъэм Кавказ Ищхъэрэм щ1ипсэу лъэпкъхэм фашистхэм я бийуэ пэкІу ирагъэкІуэкІащ.

♦1961 гъэм Берлин тІууз зыгъуэ блынбир ухуэн щ1адзащ.

♦2004 гъэм Афины къалэм (Алыдж) къущ1ыз-Іуахащ XXVIII гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦Кубэм 1959 - 2008 гъэхэм и унафэщІу щ1ыта Кастра Фидель и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щ1эныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, УФ-м щ1эныгъэхэмкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэкіушынэ Нухь** къызэралъхурэ ильэсси 107-рэ ирокъу.

♦Радиом и диктору илъэс куэдкІэ лэжьа, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щ1ыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Безрокъуэ Хужь** къызэралъхурэ ильэси 100 ирокъу.

♦Уэрэджы1акІуэ цІэрыІуэ, КъБР-м щ1ыхь зиІэ и артисткъ **Бэгъуэтыж Светланэ** къыщ1алъхуа махуэщ.

♦Химие щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Мэшыкъуэ Нуралий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и къуажэ Іэтащхьэ нэхъыбІхэм ящ1ыщ къалъыта **Къуныжь Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм, КъБР-м, КъШР-м щ1ыхь зиІэ я артист, опернэ уэрэджы1акІуэхэм Пуччини и щ1экІэ Милан (Италие) щрагъэкІуэкІа зэпеуэм и финалисту щыта **Ташло Алий** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ щ1ыхьунущ.

Щ1ыщхьэуІум и 14, *мэрем*

♦Абхъазыр зыхъуэму хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1992 гъэм куржы-абхъаз зауэм щ1идзащ.

♦Ислъам Пакистан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1930 гъэм СССР-м къыщ1ащ1ащ Іэмал имы1эу пэщІдзэ щІэныгъэ дэтхэнэ и цІыхуми и1эн зэрыхуейм теухуа унафэ.

♦1932 гъэм Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залым щІыхьэ творчествэмкІэ щ1екІуэкІа олимпиадэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и1ахэм етІуанэ увыпІэр щ1ыубыдащ.

♦2010 гъэм щ1ыщхьэуІум и 14 - 26-хэм Сингапур щекІуэкІащ ныбжьыщІэхэм я I гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр. Абыхэм хэтащ къэрал 204-м щ1ыщ спортсмен 3600-рэ. УФ-м и командэм медаль 45-рэ къыхьри, а зэхьэзэхуэхэм етІуанэ увыпІэр щ1ыубыдауэ щ1ытащ.

♦Инджылызым щ1ыщ тхакІуэ, драматург, усакІуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Голсуорси Джон** къызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакІуэ, тхакІуэ **Дыгъужь Къурмэн** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Тырку Республикэм щ1алажьэ КАФФЕД зэгухьэныгъэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Джандемир (Гуґъэв) Джихьан** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Іэпщ1эльапщІэ, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Мэстафэ Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакІуэ, тхакІуэ, КъШР-м, Адыгэ Республикэм щ1ыхь зиІэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щ1ыхь зиІэ и артисткэ **Тхьэщ1ыгъуей Жаннетэ** къыщ1алъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 31-рэ, жэщым градус 22 - 26-рэ щ1ыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Ди щІыналъэхэм

Щ1ыІэр къэмыс щ1ыкІэ

Май щІыналъэм и псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм бжьыхьэ-щІымахуэ лэжьэгъуэм зыхуегъэхьэзыр.

МЫ ГЪЭМ къриубыдэу хуабэр зрикІуэ бжьамийхэр зыхуей хуэгъэзэным хухахащ сом мин 300-м нэблагъэ. Абыкіэ зэфІахын хуей Іуэхум и процент 90-р нагъэсащ: бжьамийхэм псы хуабэ ирагъэлъадэри, сэкъат зи1эхэр къахутащ, котельнэхэр, электро-газ Іэмэпсымэхэр зыхуей хуагъэзащ, лэжьапІэ пэшхэр зэрахьащ.

Іэхуущ1ап1эхэмрэ фэтэрхэмрэ псыр зэрекІуалІэ, къаугъэсэбэпар къызэрыщІашьж бжьамийхэр гъэтэмэныным сом мин 600 трагъэкІуэдзнущ.

Псы зэхуэхьэсыпІэхэм екІуалІэ бжьамийуэ метр 300-м нэблагъэр зыхуей хуагъэзащ.

Май щІыналъэ администрацэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и къудамэм щ1ыгъазэ дыхэрищ1амкІэ, бжьыхь-щІымахуэ лъэхъэнэм ЖКХ-м и Іэнатіэ псори хьэзыру Іущ1энущ.

Къабзагъэм и телъхьэхэр

Жылагъуэхэр зэщ1эгъэкъабзэным теухуауэ Шэджэм щІыналъэ администрацэм лэжьыгъэфІ ирегъэкІуэкІ.

КЪАПЩТЭМЭ, мы гъэм и мазихым къриубыдэу районым хабзэм къемызэгъ пхъэнкІий идзыпІэу 60-м нэблагъэ щагъэсеящ, хабзэ яхуэхъуащ кІэрыхубжьэрыхуэхэр зэщІэкъуэ-ным хухах щ1ыхьэхэр.

Мы зэманым ирихьэлІэу щ1ы гектар 400-м нэблагъэ зыхуей хуагъэзащ. Щ1ыхьэхум сыт щыгъуи хэтщ Іуэхущ1апІэхэр, еджапІэ Іэнатіэхэр, щ1алэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр.

Шэджэм щ1ыналъэм щаублащ «2015 - 2020 гъэхэм курубыдэу цІыхум щ1ыуэпсым теухуа щ1эныгъэ ябгъэдэлъхьэн программщ1эр. Ар хуэунэтІащ дыкъэзыухъуреихь дунейр къабзэу щыгъэтыным, щ1ыупс хъугъуэфІыгъуэм щ1ыхьыным теухуауэ щ1эблэм еджапІэхэм, сабий гъэсапІэхэм дерсхэр щегъэкІуэкІыным. Іуэхур кьыхэзыльхьажэм шэч къытрахьэрхьым апхуэдэ гъэсэныгъэм фІы къызэрыпэкІуэнум.

Гъуэгум йолэжь

Прохладнэ къалэмрэ Советскэ жылагъуэмрэ зэпызыщІэ, километр 12-м щигъу зи кІыхьагъ гъуэгур зыхуей хуегъазэ «Строй-Гранд» ухуакІуэ Іуэхущ1ап1эм.

КЪБР-м Гъуэгухэмкіэ и управленэм хъыбар къызэрыдигъэщ1амкІэ, гъуэгур асфальт зэрыралъхьэнум хуагъэхьэзыр, гъуэгубгъуэхэр зэтес щ1.

Ухуакіуэхэр техникэкІэ тэмэму къызэгъэпэщащ, шэч къытрахьэрхьым хуагъэува пІалъэм ирихьэлІэу лэжьыгъэр зэрауэхьунум.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Лъэпкъ Іущыгъэ

Іэмбатэ зэрымытым Іэтэ ирегъэувэ.

ХьэщІэр зи щІасэ Кавказ

«Мэшыкъуэ-2015»

«Мэшыкъуэ-2015» Кавказ Ищхъэрэ щІалэгъуалэ зэхуихьэм хэтахэм я проект нэхъыфІхэм щ1ыхэпльащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м къызэригъэпэщащ зэхьэзхуэм. Абыхэм ящ1ыщу нэхъыфІу къалъытахэм «Архъыз» зыгъэпсэхупІэм и резидентхэм я советыр хэпльащ.

- ПРОЕКТХЭМ япкърылъ гупсысэ нэхъыщхьэр гулъытэншэу къзбгъэнэнкІэ Іэмал зимы1эт, - жи1ащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщІым и къуэдзэ Губа Максим, зэпеуэм и кІэух Іыхьэм щытекІуа командитІым ехьэхъуу тыгъэ лъапІэхэр щаритыжьым. - Абыхэм «Хьэщ1эр зи щІасэ Кавказ» къыхуеджанэгъэм щ1эт хабзэ-бзыпхъэ дахэхэр иджырей бгы-лыжь курортхэм я лэжьыгъэм хэбгъэхьэ зэрыхъуну щ1ыкІэр зэпкърыхауэ ящ1ыщІэльэпсэуащ.

Текіуа гупитІым ящ1ыщ зым хэт Байрамкуловэ Дариндэ зэрыжи1эмкІэ, гъэм и сыт хуэдэ зэманми туристхэр куэду здэкІуэ «Архъыз» зыгъэпсэхупІэм и лэжьыгъэм «Хьэщ1эр зи щІасэ Кавказ» проектым щ1эльэ гупсысэр къыщыбгъэсэбэп хъунущ.

Апхуэдэ Іэмалхэм ящ1ыщ зыуэ къалъытэ Кавказым щ1ипсэу лъэпкъхэм ижькІэрэ къыддекІуэкІ тхьапхъэщ1ыпхъэ дахэхэмкІэ езы зыгъэпсэхупІэ щ1ыпІэхэмрэ абыхэм щ1эІэхьэщ1эхэмрэ гъэщ1эрэщ1эныр, апхуэдэуи, Іэпэ1эсагъэм щ1ыхурагъасэ мастер-классхэр къ1щ1ыз1ухыныр, хьэщ1эщхэм лъэпкъ макъамэ гуакІуэхэр щабзу щыгъэ1уныр, кьинэмыщ1эхэри.

Зэпеуэ хэгъэщхьэхыкІам бжьыпэр къ1щ1ызыхьа гупитІым ящ1ыщу ет1уанэм къигъэлъэгъуа проектым зыгъэпсэхуакІуэхэм я Іэзагъэм щ1ыхагъахъуэ хъуну лъэщ1апІэ щ1ыкІуэр зыхуэдэн хуейм нэхъ убгъуауэ щ1ытопсэлъыхь.

- ЛъэщІапІэм щІыхьэ туристым къ1здэкІуа щІыпІэм иришу и благъэм е и ныбжьэгъум зэрыхуэпсэн хьэпшып ц1ыкІр езым и Іэкіэ зэрыхуейм хуэдэу ищ1 хъунущ, - жи1э проектым елэжьахэм я пашэ Ержыб Ислъам. - Хьэщ1эм уэзэрпежьэ, зэребгъэжьэж щ1ыкІэми куэд е1ыыгъ. Зыгъэпсэхуакіуэ къ1ыпхуэкІуа ц1ыхур бжэщхьэ1ум къ1эзребакъуэу, ящ1ыкіІэ Іэф1ыкІэрэ бгыхэм къ1щ1ыкІ шей зэхэщІакІэ бгъэхьэщІэ, щебгъэжьэжкІи здэщ1ыпар гукъинэж щ1ызыщІ хьэпшып ц1ыкІуэр тыгъэ хуэпщІ хъунущ.

«Мэшыкъуэ» зэхьэхр илъэс зыбжанэ хъуауэ йокІуэкІ. Ар къ1ыззыгъэпэщ1эм «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-р 2012 гъэм къ1ыщ1эдзауэ жыдж1эру ядолажьэ. ЛъэныкъуитІми зэращ1ыла зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, щІалэгъуалэмрэ мы компаниемрэ и унафэщІхэмрэ зыхуагъаз, бизнес-проектхэм я зэпеуэхэм хагъэхьэ, щІыналъэм туризмэм зыщІегъэжьыныжкІэ щ1ыІэ хэкІыпІэхэм хагъэгъуаз.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ГЭС-р щаутІыпщыну зэманыр жыжьэжкъым

Шэрэдж Ищхъэрэ ГЭС гупыр щІыным пыщІа лэжьыгъэхэм я ещанэ Іыхьэщ Зэрэгъыж ГЭС-р утІыпщынырщ.

ПЭУБЛЭУ ягъэхьэзырауэ щыта проектым ипкъ иткІэ абы и лъэщагъыр мегаватт 15,6-рэ хъууэ щытын хуеящ. Ауэ «Гидропроект» институтым и Іэщ1агъэлІэхэр ухуэныгъэм и документацэм 2010 гъэм елэжьыжа нэужь, ГЭС-м и лъэщагъыр мегаватт 28,8-м нагъэсащ. Ауэ абдежи къ1щ1ыуВыІакъым. Нэхъ иужькІи проектыр ирагъэфІакІуэурэ зэрекІуэкІам и фІыщІэкІэ Зэрэгъыж ГЭС-р къызэІуаха нэужь, абы мегаватт 30,6-рэ къ1ытынущ.

Мы ГЭС-м къ1ыхэщхьэхуакІныгъэ зыбжанэ и1эщ. Абы хиубыдэу псыхъуманІэ щхьэхуэ, псыІущІэ ин ая1уакъым. Ар Шэрэдж Ищхъэрэ ГЭС гупым я лъабжьэкІэ зэрыщ1ыным и фІыщІэкІэ Ауыыджэр ГЭС-м къигъэсэбэпа псы къабзэр занщІэу къекІуэлІэнущ. Аращ Зэрэгъыж ГЭС-м кІилъжьыну электрокъарум текІуадэр зыгъэмэщІэнур.

ГЭС-р къ1ыщз3Іуахыну зэманыр жыжьэжкъым. Иджыпсту «Гидроремонт ВКК» фирмэм и Іэщ1агъэлІэхэм абы щ1ызэпкъраЛъхьэу щІадзащ тонн 63-рэ станцым и агрегатхэр ягъэувэу щІадзэнущ.

Краныр щ1ызэпкъралъхьэ щІыпІэм кърашэлІащ абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Ягъэува графикым ипкъ иткІэ лэжьыгъэ псори шыщхьэуІум и 23-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІыу краныр ягъэунэхун хуейщ. Абдеж щ1ыщІэдзауэ ухуакІуэхэр жэщми махуэми елэжьынущ гидроагрегатищ1 гъэувыным.

Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм къадэкІуэу, куэд зэфІагъэкІ ГЭС-м и Іэшэлъашэхэр зэтес щ1ыжьным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу Іуэхущ1ап1эм екІуалІэ автомобиль гъэгур хьэзыр ящІ. «Шынагъуэнщагъэ» компанием и Іэщ1агъэлІэхэм ягъэув ГЭС-р сыт хуэдэ къ1ызэрымыкІуэ къэхъуакъащІэхэми щ1ызыхъумэну иджырей системэ.

Псори зэхэту Зэрэгъыж ГЭС-р ухуэным щ1ыхуи 150-рэ хуэдиз йолэжь. Ахэр зыхуеину техникэкІэ нэсу къ1ызэгъэпэщащ. Ухуакіуэхэм къ1апэщ1тщ лэжьыгъэ псори зэфІагъэкІыу станцыр дызэрыт илъэсым и кІэухым яутІыпщыну.

ИСУП Руслан.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Ерыскъыхэкіхэмрэ хьэпшыпхэмрэ ягъэсурэ электрокъару кърагъэлэжьыну Лужковым къыхуреджэ

● Жэрдэм

Хабзэм къемызэгъыу Урысейм къраша ерыскъыхэкіхэмрэ хьэпшыпхэмрэ ахэр къыщахута щыпІэм щагъэкІуэдын хуейуэ къэралым и Президентым и унафэр тхьэмахуэ хъуауэ мэлажьэ. Абыхэм фІагъ ин зиІэ щыгъэпшэр, биогаз, уеблэмэ электрокъару къыхэпщыкІ хъуну кьелъыгъ Мэскуу и Іэтащхьэу илъэс куэдкІэ щыта иджы Калининград областым и мэкъумэш хозяйствэм и унафэщІ Лужков Юрий.

ЛЫМ и кІэрыхубжьэрыхуэр, нартыху силосыр, джэдвейр къагъэсэбпурэ, газ къезыгъэлажь Іэмэпсымэхэр Белгород областым щыІэщ. Ахэрауэ ядкъыпТэ экономикэм и кІэкІуэнымрэ цІыхухэм я зэІуэпэщыныгъэмрэ зэлъытар.

Щыщхьэуіум и 6-м УФ-м и Президентым Іэ тридзащи къэралым кърашэну ерыскъыхэкІхэмрэ хьэпшыпхэмрэ гъэкІуэдыным теуауэ указым. «Роспотребсоюз»-м и дохутыр нэхъыщхьэ Поповэ Аннэ и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, абыхэм я фІагъыр къэзыгъэлъагъуэ дэфтэрхэр щыІэкъым икІи ахэр пшхыну дзыхьщІыгъуэджэщ. Хабзэм къемызэгъыу Урысейм къраша ерыскъыхэкІхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къыщахута щыпІэм щагъэсыну е щыщІатІэну фІэкІа хэкІыпІэ щымыІэжу къелъытэ къуалыкъуцІэм.

Лужковым къыхигъэщащ мэкъумэшыщІэм и гуащІэдэкІ лэжьыгъэ гугъум хуэфэщэн пщІэ зэрыхуэущІыпхъэр. Абы фІэтэмэмкъым жэщ-махуэ ямыІэу къраХьэпІа ерыскъыхэкІхэр мафІэ щІэбдзэу напІэзыпІэм бГъэсыныр е щІэпТІныр. Іэмалышэ дыдэмэ, сэбэпынагъ гуэр къыпыкІыу ахэр гъэкІуэдыпхъэщ. Къапщтэмэ, электрокъару къралэжьу.

- Сыт хуэдэ органикэми электрокъару къыхэпхыфынущ, - жеІэ Лужковым. Мэкъу, хьэуазэ фахэм, ванвейм ток къезгъэлэжьу щытащ. Іэщ минрэ щитхурэ зыщІэт фермэм и деж щызэтеплъхьэу абыхэм къагъэхъу электрокъарум ихъуреягъыр къагъэнэхуфынущ, жэмхэр къызэраш Іэмэпсымэхэр игъэлажьэфынущ, жэмэщхэр къигъэхуэбэфынущ е жьы щІригъэхуфынущ.

Мэзкуу и мэру щытам жиІаш кІэрыхубжьэрыхуэхэм электрокъару къезыгъэщІ Іэмэпсымэхэр «Мосмединьагропром» холдингым папщІэ къащэхуауэ зэрыщытар. А Іуэхущ Іапіэр Калугэ областым щыІэщ икІи Мэзкуу и правительствэм и мылъкущ. Абы иджыпсту жэм мини 7,2-рэ щаІыгъщ икІи транспорт техникэу 120-м щІигъу епхащ. Холдингым кьалащьхьэ и школхэм хурегъашэ шэ, соколат (шэрэ пхъащхьэмыщхьэпсрэ зэхэту), тхъуцІыпэ, нэгъуэщІ гъэшхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр.

- Си щхьэгъусэм (Батуринэ Еленэ) доллар мин 500 щІитащ «Мосмединьагропром» холдингым и Іэмэпсымэхэм, - кьыпещэ и псалъэмакъым Лужковым. Ахэр Германием къыщІэхуащ икІи нобэр къыздэсым дагъуэнщэу мэлажьэ. Иджыпсту щІыгъэпшэр къыщІегъэкІ.

Электрокъару къэзылэжь Іэмэпсымэхэр зэкІэ ягъэувыІащ. ЩІыгъэпшэр тКІуатКІуэ гъэхьэзырыным нэхъ тратъащІэ. Ар нартыху, гуэдз, хьэ щагъэкІ губгъуэхэм тракІэри гъавэ бэв дыдэ къытрах.

Зи гугъу щІ Іэмэпсымэхэр Белгород областми щыІэщ. Абы газрэ электрокъарурэ къыщрагъэлэжь куэнщыбымрэ мэкъумэш Іэнатіэм и кІэрыхубжьэрыхуэхэмрэ (мэкъу, хьэуазэ, силос зэхэфыхьахэм). НэгъэщІ къэралхэм апхуэдэ Іэхэгъуэхэр щыпэрыхьэтщ икІи зыми щыфІэгъэщІэгъуэныжькъым. Къапщтэмэ, Германием, Польшэм, Литвам.

Биогаз къэзылэжь Іэмэпсымэхэр Альтернативнэ энергетикэмкІэ Белгород дэт институтым къыщагупсысащ. Ахэр 2012 гъэм къагъэсэбэпу щІадзащ. Институтым и сайтым зэритымкІэ, Іэщ гъэхъунымрэ джэд гъэхъунымрэ Белгород областым иджыпсту хуабжьу зыщагъэжь. Абыхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэм экологие гугъуехьышхуэхэр къашэфынущ, тэмэму елэжьыжа мыхъумэ. Аращ вэнвейрэ джэдвеймрэ я лъабжьэу къызэрагъэпэща Іэмэпсымэхэр гъащІэм нэхъыбэу щыхэпщапхъэр. Абыхэмкіэ Іэнатіэ, псэупІэ куэд газкІэ, электрокъарукІэ къыпхуэзэгъэпэщынущ. ЩІыгъэпшэрхэри уасэ зимыІэщ.

- Дэ тельыджэу къытщыхъуэр Европэр зэсэжащ, - жеІэ «Экозащита» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІхэм ящыщ Сливяк Владимир. - Данием и къалащхьэ Копенгаген и курыкупсэм биогаз Іэмэпсымэ ин итщ, абы къилэжьхэр псэупІэ унэхэм яІэрыхьэу. А газымкІэ мэпщафІэ икІи унэхэр ирагъэплъ. Урысейр гъэтІылъыгъэхэмкІэ хуабжьу къулей къэралыгъуэщ. Аращ альтернантивнэ энергетикэм и Іэмалхэр къыщІэдмыгъэсэбэпыр. Абы щыгъуэми экономикэмкІэ, экологиемкІэ, щыхьэм и узынщагъэр хъумэныкІэ ар мыхьэнэшхуэ зиІэщ.

БАШАРОВЭ Светланэ.
«Известия»

Сомым и уасэр йохуэх. Сыт абы къытхуихьынур?

Еврэмрэ долларымрэ елъытауэ еврэмрэ долларымрэ я уасэр зэрыдзуейм щхьэ фригузавэрэ? Абы и щхьэусыгъуэхэм куэд иризодауэ икІи къытІэрыхьа тхьигъэ зыбжанэ фи пащхьэ идолъхьэ, экспертхэр тедгъэпсэлъыхьыжыгъ.

● Мылъку

Долларымрэ еврэмрэ датхьэлэ

«Зиусхьэнхэ, ди сомым елъытауэ еврэмрэ долларымрэ я уасэр зэрыдзуейм щхьэ фригузавэрэ? - къетх «Комсомольская правда» газетым и щІэджыкІакІуэхэм яІыщІ зым. - Европэм щыпсэухэм къафІэІуэхукъым я валютэр адрейхэм яйм зэрыхущытыр, дэ дыщІэгузавэр сыт? Зы долларым сом 70 е сом 700 щІэтткІэ сыт зызыхьуэжыр?»

Пэж дыдэу, сыт дыщІэгузавэр? Ди улахуэр сомкІэ къыдат, дызэрыщІахуэри аращ.

- Ди валютэм и уасэр щехуэхкІэ, хьэпшыпхэм ятедгъэкІуэдащхьэ хохьуэ, - жеІэ «Церих Капитал Менеджмент» къэпщІакІуэ институтым и аналитик нэхъыщхьэ Марков Виктор. - Хьэпшыпыр къызыхащІыкІымрэ Іэмэпсымэхэмрэ я уасэр докІуейри, продукцэр нэхъ лъапІэ мэхъу. Иужьрей илъэсым хэпщІыкІыу кІэрыхуащ урысей валютэм и уасэм. Абы щыгъуэми цІыхухэм хуащІэ Іэзэгутхъэбзэзэхэмрэ хьэпшыпхэм щІатхэмрэ хэхъуащ. Улахуэм къыщІэкІым хэщІ зэпытщ.

Езыхэр зэрыхуейуэ ящІ

«Сомыр ехуэхьыркъым, бюджетыр ягъэззащІэн папщІэ ар ди унафэщІхэм ирахьэхыу аращ. Ауэ абыи фІы хэлъщ. Сомыр нэхъ пудыхукІэ, ди бюджетыр нэхъ из мэхъу».

Экспертхэм гурыщІхъуэ зэрращІымкІэ, Урысейм и Банк Нэхъыщхьэр хущІокъу сомым и мыхьэнэр имыгъэбыдэну. Апхуэдэ щыкІэкІэ, хамэ къэрал валютэр биржэм куэду къыщецэху. Банк Нэхъыщхьэм ар мыпэжу, дауи, щыжаІэ. Сом пудым бюджетым и фейдэ хэлъщ. Абы кьихьэ дэтхэнэ зы долларми нэхъыбэ къыщІокІ.

- Сомыр пудыныр щыфейдэр зэман кІэщІкІэщ. Адэкіэ правительствэр егупсысын хуей мэхъу хэхъуэхэм зэрыкІэрыхуамрэ игъэкІуэдхэр зэригъэмэщІэнымрэ, - къыдгурегъаІуэ «FxPro» компаниием и эксперт Купцикевич Александр. - Къапщтэмэ, нэгъабэ сомыр щехуэхам бюджетым бэлыхь куэд телъащ икІи къыхахынуэр ягъэмэщІэн хуей хъуащ. Сомыр зэуэ щехуэхым и деж, экономикэр егъэгулэз. Компаниехэм ягъэкІуэдыр нэхъ мащІэ мэхъури, налогхэми кІэроху.

Адэкіэ къытпэплъэр сыт?

Ди газетеджэхэм нэхъыбэ дыдэрэ къат упщІэр аращ. Уеблэмэ аналитикхэри абы хуабжьу егъэпІейтей. Хэкъыпіэу къагъэлъагъуэхэри уафэмрэ щІылъэмрэ хуэдэу зэщхьэщокІ.

- Иджыпсту псори зэхуагъакІуэ, - къеІолІэ экономист Кричевский Никитэ. - Зэ Іуплъэгъуэкіэ ар щІыдагъэм и уасэр зэрехуэхым къыхокІ. Ипэжыпіэкіэ - бюджетыр ирагъэкъужын папщІэ. Урысей Федерацэм и щІым щІэлъ хъугъуэфыгъуэхэр хамэ къэралхэм езыщІэхэмрэ банк «уэдыкъуэхэр» зи Іэмыщ Іэ илъхэмрэ пкагъэкІ езыхэм я фейдэ зыхэлъ Іуэхугъуэхэр. Ахэр сыт щыгъуи зэрыбжэр икІи я лэжьыгъэр зэрыраГъэкІуэкІыр доллардж е евРэщ. Дэ зыми хъыбар диГъэщІакъым икІи дигъэщІэнукъым сомыи ириджэгун щыщІадзамрэ щаухынымрэ теухуауэ. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкІэ, дыхьэхуэкІэ бжьыхьэмрэ щІымахуэмрэ къыпГэплъэр нобэм нэхърэ нэхъыфІкъым. Ахъшэ лей фиІэмэ, иджыпсту зыгуэрхэр къэфщІэху. Армырамэ утыкум фыкъинэнкІэ хъунущ. ЯмыГъэІэпхъуэ мылъкум, хъэпшып лъапІэхэм, дыщІэхэкІхэм сыт щыгъуи уасэ яІщІ икІи уи фейдэ хэлъу пхуэщэжынущ.

Апхуэдэ Іуэху елпІыкІэщ иІэр экономист ЦІэрыІуэ Делягин Михаили. Абы къыхэрилъытэмкІэ, щыщхьэуІу мазэм сомым иджыри зиГъэбыдэфынкІи ХъунущІ, ауэ бжьыхьэм щыщІэдзауэ....

КОЗЛОВЭ Александрэ.
«Комсомольская правда»

● Зэпеуэ

Лъэдакъэ лъагэ тету зэдэжэ

Псыхуабэ (Пятигорск) къалэм мыгувэу зэпеуэ хьэлэмэт щекІуэкІынущ. Туфлъэ лъэдакъэ лъагэ зыщыгъ къыдджэбзхэр абы къыщызэдгъэжэнущ.

СЫТ хуэдэ зэпеуэ цІыхухэм къамыгупсысыр?! Къэпым иту къэжьыхьын, щхьэцым и кІыхьагъэр зэгъэпщэн, пивэ кружкэ нэхъыбэ ифын, нэгъуэщІ куэди. Кавказ Ищхэрэм и курорт нэхъыщхьэм абыхэм зыкъыкІэрамыгъэхуну мурад ящІащ.

Минеральные Воды щыпІэм щыпсэухэмрэ зыщызыгъэпсэху хъыджэбзхэмрэ лъэдакъэ лъагэ тету къыщызэдзэжну зэпеуэ удзэныхьэхым хэтыну къыхураджэ. Абы кьорихьэлІэ хъунущ илъэс пщыкІух зи ныбжьхэм я деж къыщыщІэдзауэ. Туфлъэм и лъэдакъэм и лъагагъыр сантиметрибГу нэхърэ нэхъ лъэхъшэ хъунукъым.

КъызэгъэпэщакІуэхэм саугъэтхэри ягъэхьэзыращ. Ялэ увыпІэр къэзыхьым сом мини 9 иратынущ. КъыкІэлъыкІуэм сом мини 5-кІэ егуэпэнущ. Ещанэу къэсым сом мини 3-р и Іэрылъхьэщ.

Шэч хэлъкъым зэпеуэм туфлъэ лъэдакъэ куэд зэрыхэкІуэдзнэм. ФІэщщІыгъуейщ теІуахэм я саугъэтхэмкІэ ар ирырагъэкъужырыну. Апхуэдэу щыт пэтми, дэтхэнэ зы цІыхури текІуэныгъэм хуопабгъэ. Иджырей хъыджэбзхэр - псом хуэмыдэу.

«Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэ.

● Къэхутэныгъэ

Фадэм дихьэххэр нэхъыбэу здэщыІэ ІэнатІэхэр

Мэзкуу дэт Медико-стоматологие университетым фармакологие клиникэкІэ и кафедрэм и унафэщІ Верткин Аркадий иджыблагъэ иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэм щиубзыхуащ фадэм дихьэхэр нэхъыбэу щылажьэ Іэнатіэхэр. Абы къызэрилъытэмкІэ, аркъэ ефэн хуабжьу яфІэфІщ транспорт зэзыгъакІуэхэмрэ хъумакІуэхэмрэ. А къэхутэныгъэхэм тхутепсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ психиатр-нарколог Магалиф Алексей.

КъулыкъущІэхэри йофэ

- ЦІыхур щІефэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр щытыкІэ хьэлъэм зэрихуаращ, - жеІэ ди экспертым. - Психикэм къытехьэлъэ Іуэхугъуэхэр щалэжь Іэнатіэхэм фадафэхэр щыкуэдщ. Ар журналистхэрщ, оперативнэ лэжьыгъэ езыхьэкІ полицейскэхэрщ, къулыкъущІэхэрщ, офисым Іуэху щезыхьэжІэхэрщ, хьэрыкэтыщІэхэрщ, дохутырхэрщ, псом хуэмыдэу хирургхэрщ. Абы щыгъуэми ахэр лэжьапІэм щефэрхьим, я къарури зэфІэкІри кьанэ щымыІэу Іэнатіэм трагъэкІуэдэн хуейщ, жэуаплиныгъэшхуэ яхьри. Ауэ иужькІэ...

Фадэр япэу яГуэт Іэмалщ, зэрыта щытыкІэ хьэлъэр цІыхум зыщигъэгъупщэн е пІалъэкІэ зыщхьэщихьн папщІэ. Адреналиныр дзэзыгъэкІуей Іэщ Іагъэхэр зиІэ дзэ къхуэхльатэзэхуэхэр, спортсмен лъэрызехьэхэр Іэнатіэншэу къэнэнэр щынагъуэщ. Абыхэм ящыщ куэдым фадэм зратынкІэ хъунущ.

- Сабий садхэм, поликлиникэхэм я хъумакІуэхэр-щэ? Аэрри щытыкІэ гугъум ит?

- Мыбдежьым дызыщихьэлІэр зэшыгъуэращ. Абыхэм я нэхъыбэм ящІэн яГуэтыркъыми, фадэр гъусэ здащІ. КъищынэмыщІауэ, абы хэгъэхьэж хъумакІуэхэр жащ-махуэ псокІэ унагъуэм зэрыпэІэщІэр, кІэлъыплъыныгъэм зэрыщІэкІыр.

- Тхылъ еджэ хъунукъуэ?

- Нэхъыбэр есащ лэжьапІэм ахъшэ къыщалэжь къудейкІэ Іуэхур зэфІэкІыу. Абы кьриубыдэу щІэныгъэм хэГэхъуэнкІэ, къэхуэхьэм зегъэужьынкІэ къатокьэлъэ. Фадэ ефэнкІэ нэгъуэщІщ - ар жьы дегъэхупІэ Іэмалу къалъытэ.

Шхэнымрэ едзэкъэнымрэ зэрызэщхьэщыкІыр

- ЦІыхуу узынщэхэр зэрысабийрэ зыхуосакъыж. Ар куэдым щыдихьэхкІэ - тхылъ щеджэжкІэ, спортым зыщыхуигъасэкІэ, Іэпщ Іэлъапщ Іагъэ щыхэлъкІэ - абы зэманыр зэригъэкІуэн Іэмалхэр и гъунэжщ. Апхуэдэхэр фадэм дегъэхьэхьигъуейщ. Гъэсэныгъэ, щІэныгъэ щІагъуэ зимыІэр фадэм пэІэщІэ хуэпщІмэ, ар зэшынущ. Нэхъ Іеижращи, наркотикхэм зритынкІэ хъунущ. Пэжщ, щІэныгъэ нэхъыщхьэм фадафэр пщхэщцихьркъым. Абы щыгъуэми апхуэдэхэр хабзэ нэхъ яхэлъу йофэ, гуп хэсу е унэм къыщІэмыкІыу. Мыдрейхэм зэфар я Іэпщэм макІуэри, зауэ-банэм, зэрыгъэкІийм хохьэ.

- Илъэсипщ І бжьыгъэкІэ махуэ къэс мащІэ-мащІэурэ ефэу икІи фадафэ мыхъуу цІыху щыІэкъэ?

- ЩІыщ махуэ къэс щышэкІэ грамм 50 - 100 щІезыгъэубыдэ, ауэ абы илъэс куэдкІэ фІэмыкІэкІэр. Ауэ ахэр щапхъэ зытраохэм хуэдэкъым. Зым и дежкІэ фІыр, адрейм емызэгъынкІи хъунущ. Ипэжыпіэкіэ, цІыху узынщэхэр фадэм егъашхэ, сымаджэхэр аркъэм «къегъэпсэуж». Алкоголизмым къыщІедзэ шхэнр фадэ ефэнкІэ щихъуэжкІэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, аркъэ еІуба цІыхур, шхэн щигъэтауэ, къыфІэмыІуэхущэрэ щедзакъэкІэ, абы и Іуэхур зыхуэкІуар нэрылъагъущ.

ЗАВГОРОДНЯЯ Дарье.
«Комсомольская правда»

● Фэеплъ

«Курск» кхъухьыр ягу къагъэкІыж

2000 гъэм щыщхьэУІум и 12-м ди къэралыр зэрыщыту зыгъэгъэщІэщхьу Баренц тенджызым къыщыхуащ - дзэ зыгъэсэныгъэхэм хэт «Курск» псыщІагъырыкІуэ кхъухьыр щІилъэфащ.

ЯПЭ рангым и капитан Лячин Геннадий зи унафэщІ «Курск» ракетэзехьэ псыщІагъырыкІуэ крейсерым псори зэхэту цІыхуи 118-рэ исащ. Хьилхэм къищынэмыщІауэ абыхэм яхэтащ «Дагдизель» заводым и Іэщ Іагъэлі гуп.

Дзэ зыгъэсэныгъэхэр щекІуэкІ щыпІэм щыщхьэУІум и 12-м сыхьэт 11-м псы щІагъым зыгуэркэр тІэунейрэ къызэрыщыуар зыхащІащ. «Курск» кхъухьыр абы иужькІэ сыхьэт зыбжанэкІэ зыпыщІэныгъэ лъэпкъ имыІэжу зэрыкІуэдым къыхэкІыу къэлъыхьэныгъэхэм щІадзащ.

ЕтІуанэ махуэращ «Курск»-р къыщІагъэтыжар. «Пётр Великий» крейсерым ар къыщІухутащ метри 108-рэ и кууагъыу тенджызым щІэлъу. Екъгъэлныгъэ лэжьыгъэхэм икІэщыпІэкІэ щІадзащ, арщхьэкІэ псыщІагъырыкІуэ кхъухьыр кьахудэмыхьеижурэ, иса псори зэкІуэдащ. Шыщхьэуіум и 21 -ращ Норвегием кьраша водолазхэр абы щихьэфар, арщхьэкІэ кІасэ хъуат.

Бжьыхьэр къэсыхукІэ хьэдэхэр къыщІахыжыкфакъым. Зыкърагъэлын папщІэ абыхэм бэлыхьышхуэ зэрателъар нэрылъагъут. Къарууэ яІэр яухыхукІэ ахэр я гъащІэм щІэбгнащ. Гугъэр щыхахыжыпэм, тхыгъэ кІэщІхэр я Іыхьлыхэм къахуэзыгъэнахэри мащІэтэкъым.

Илъэс дэкІри «Курск» псыщІагъырыкІуэ крейсерыр зэрыщІэбгъэпщІащ. Шыщхьэуіум и 21 -ращ Норвегием кьраша водолазхэр абы щихьэфар, арщхьэкІэ кІасэ хъуат.

Следователхэм иужькІэ зэрызэхагъэкІамкІэ, нэщхьеягъуэр къишащ кхъухьым илъ торпедэхэм ящыщ зым ныкъусаныгъэ игъуэту къызэрыуам.

Дыгъуасэ Урысей Федерацэм ягу къыщагъэкІыжащ илъэс пщыкІутху ипэкІэ хэкІуэдахэр. Абыхэм я фэеплъым хуэфащэн пщІэ хуащІу зэІуэщІэхэр кьэраным и щыпІэ куэдым щызэхэтащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Курск» псыщІагъырыкІуэ кхъухьыр иужьу гъэугуанэ тохьэ.

● ЗэхущытыкІэхэр

Прибалтикэм и журналистхэр США-м егъэІущ

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и посольствэм Литвам доллар мелуан ныкъуэр хухихащ. Ар трагъэкІуэдэн хуейщ «урысей пропагандэм» Прибалтикэм щыпэщІэтыным.

ДОЛЛАР мелуан ныкъуэр илъэсым и кІыхьагъкІэ трагуэшэнущ урысыбзэкІэ тхэ щІыпІэ журналистхэм. Ахэр ягъэсэнущ гъэхуауэ икІи я гупсысэхэр пхагъэкІыфу тхыгъэхэмрэ нэтынхэмрэ ягъэхьэзыру. Семинархэм, тренингхэм зэрыхэтынум грантхэр къызыІутыса журналистхэр США-м ирагъэблагъэнущ. Абы зыщагъэгъуэзэнущ американ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр зэраухуэм.

США-м и Къэрал департаментыр хущІэкъунущ къыхалъхьа проектым Прибалтикэм и къэралыгъуищи къызэщІригъэубыдэну. Абы папщІэ ирагъэджа псори зэхуашэсыжьынурэ, псалъэмакъ щхьэхуэ драгъэкІуэкІынущ. Ар зытраухуэнур, дауи, гурыІуэгъуэщ.

ДУБРОВСКАЯ Лизэ.
«Московский комсомолец»

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

ГЪЭУНЭ Борис — Рассказ

Еууей!

Литературэм и илъэс 2015

Улімэ, къащІэ уэ ар уэшхрэ уэсрэ. Жэщщмахуищ мэхъари увЫэркъым. Нобэ-пІщэдей къытрелхъэ иджы. Сыт Іэщым яхуэзздзынур? Си мэкъутІэкІуркъыскъуэмышэжрэхьадрыхэщІ щыІэмэ, икІэрауэ Іус кІамПІ си льапсэм имылъмэ... Вэсэмахуэ сызыхэхуэ Іуэху мыфэмыцри къыхэхъуакъэ абы нэхъыйэу, къуийм и щІыІу гуэрэфу... Льэданэ инаем ярейкъэ фызыжьри. УцІэвэщІыхьыхункІэ уцІэсын хуей шэщІэхум? Е тау-тау жригъэІэу пІэрэ, щхьэпащІэ гупсэ щхьакІэ къабжхэр яІуригуэжу? Тхъэр игъэпцІакъэ, жрырелэ хэт сыт хуеймы. Фызым я жьэ пхузыбыдын?»

Гупсысэ мышыым зэщІиубыдати, игури и псэри пильэскІкІрэ и щхьэр зыфІиудыжу Іуст ТІатІу гуэщ пщэфІанІэ щхьэгъубжэм. Шэнт лъахъшэ щІыкІум зытригъэзэгащІи, тутыныр щІешри-щІеш. Тэлай хуэдэ дэкІаеу, абы и щхьэ Іэпхыуар кІыІэтын хуей хъуащ: я гъущІ куэбжэр кІыргтыу: «КьыззэІуІкІри, пщІанІтІэм къыдыхьащІи и къуэш нэхъыжьым и къуэ Тобий, мэрсэдес жаІэрэ, ар ззэымпэсыжу нэхъри зыкъэшъхь маршынэ емынэнэ гуэр къэзыщэхуауэ дэпсэлъейр. Ту я зыкъэкъуэмыкІарэ ныджыри къэс, дауэ зэрыхъуар? - жиІэу. Иджы сиущийуэ къэтІысынщ.

Абы хэту и бжэ къыІухи, пэшым и къыщІэбакъуи зы ищІщ Тобийми: «Сэлам алейкум», - жиІащ. «Джэдэщ хъуа мыр, къеуІуи сыти хэмыту?» - игукІэ жеІэ ТІатІу, зыхэт гупсысэм къыззІиригъэхьагъэхэти. Ар зэрэ къэмытэджу, зэутхыпщІауэ хуэдэ ищІурэ и кущІым ищэща тутын сахуэр зыкІэригъэщэщщ, кІэлоп напэм тетти, абы иувэжщ, хуэму зыкъиІэтри, къыхуеблэгъам къехьэлъэкІ-къехьэлъэкІыу и Іэр къыхуишиящ. Мыдрейм ТІатІу и зыщІыкІэм гу лъимытапІэр иІэт? Лъитащи, и напщІэр къеухарэ и нэ нащхъуитІыр къикІа-къикІаУэ адэ къэушым къоплъ.

- Іуэхур куу хъуащ, ТІатІу, - жи Тобий иужьым. Дыщэ Іэпхыуар къиІэтын хуей хъуащ: я гъущІ куэбжэр кІыргтыу: къыззІуІкІри, пщІанІтІэм къыдыхьащІи и кІуэш и къуэшым Іуроплъыхь. - Уи гъунэгъур, Шэфихьщ жьхуэсІэр, унажв накІуэри, дядэм ныхуэтхъэусыхаущ. «Къиплъу сэ а уи къуэшыр измыгъэтІысхьэмэ, си напэр фІыщІащ, - жи. - КъызэрыкІыжа тутнакъэшым нэхъри нэхъ Іеижым», - жи. И Іупэ зэгуэбудари, и дзэ Іубуда нэгъунэ иригъэлъэгъуащ. И щІыфэри и блэгъыкІэри фІыщІабзэу башынІэщ.

- Куэду фІыщ башынІэмэ! Жуфэщэпсщ. КъыфІиригъэкІмэ, Алыхь сиІэщ, тутнакъэщ мыгъуэр езмыгъэщІмэ. - Апхуэдэу здыжиІэм, ТІатІу кІуэ пэтми нэхъ къолыб, и дзэр зэтрикъэущи, и щхьэр егъэсыс, иужьым, бжьыныхэу иубым хуэдэу, и Іэштым ижьымкІэ и лъэгуажьэм еуэурэ кьепсэль: - КъысІэщІэукІэнщ мыр зэ мыхъуми зы!

- Мы жьпІэр сыт, зиунагъэрэ? Дядэм и унафэщ сыкъыззэрыгуар. И Іупэр зэгуэдажьнути, «Дохутыхэм я нэхъыщхъэ дыдэр пщэдей къэсыжьнущи, япэщІыкІэ абы езгъэлъагъуу тхылъ къеІыэмыхаУэ фезгъэІэбынукъым. Ар мылицэм щІэслъхьэнурэ кІыплъу изгъэтІысхьэнущ», - жери дызригъэпсалъэркъым. Иджыпсту суд Іуэху имыщІыну дельэІун хуеиуэ аращ. Армыракъэ - КъурІэнкІэ солуэ, уагъэтІысынукІэ. Къуажэр и щхьэхтэщ, лІэун! Хамэ жьлэ къикІа нэгъунэ ятьэгъуащ. Жьлэр къыпщІэплъу бззэрым уи гъунэгъу тебубэрэжьхьыкІи жьыуапІэр хьэдагъуэдажь дыдэщ. ДоукІыткІэ, уэлей, ТІатІу. УщІалэжь щыкІуу щытамэ, зыгуэрым хуэдэт... И лъсыр блыщым ухьыхауэ...

Тобий кІыхьу, и адэм къызэрыкриІа дыдэм хуэдэу, пІэнэкъуэ псомкІи къыщеуами, Іуэхум зыкъызэримыкІыр нэрылъагъут.

Мор здэпсалъэм, ТІатІу тІэурэ-щэрэ зыгуэр жиІэну яужь итат, арщхьэкІэ мо щыгъэтыжыкІэ зыимыщІэм, езым нэхърэ илъэс пщыкІутІкІэ нэхъыщІэм, игъэфІэрэ щыгуфІыкІыу езым Іэплъэкіэ къриихьэкІам, къеуІуам, псалъэхэр зэкІэлъигъэпІащІэу къыІуролъэтэ, зыгуэри жьІэпІэ иримыгъахэу. Куэд щІащ абы нэхъыжь-нэхъыщІэ зэримыщІэжрэ.

- Догуэ зэ! - жи ТІатІу макъ лъагэ къузакІэ. Мо зызымы-щІэжу сэ къысщІыдыхьэшх хьэбршыбыгар вгъэзахуэу ара? «Уэлей, а си адэ къуэшыжьым и Іэр ауэ сытми къимыІэта, мор кьемыкъуэнэжкІауэ», жьпІэным и пІэкІэ, уэрэ... Ло, а си къуэш нэхъыжь Мухьид хуэдэтэкъэ къакІуэу мы бзаджэнаджэм къеІэхьыдэр? АнэкъиІъху щІыжаІэжьр апхуэдэ зыгуэркъэ?

- Апхуэдэ зыгуэрщи, аращ сыкъыщІигъэкІуари. Мэгуэавэ, «яГъэтІысыну мыгъуэщ», жери. ФызэфІкъым. Нэхъапэм бубэрэжьауэ щытакъэ? ДоукІытэ цІыхум яГъэхъыбарым щхьа. Уи гъунэгъум апхуэдизрэ ущытещІыбыхькІэ...

- Мыбы жиІэ гуэрыр! Мыбы къыкъуихьыж гуэрыр! - жи ТІатІу, зэхихар зэрригъэщІэгъуэну щІыкІэр къыхуэмыщІэу, Іупсыр къыІурыпхъэпхъэр и щхьэр игъэсысу. - Дауэ, къурмэн сызыхуэхъун, ар сызэрифІынур? Си щІы кІапэ дыдэм мы си Іэпхъуамбэм и кІыхьагъ хуэдизкІэ пыІуимыхьу псоуалъэшхуэ, лІабкъэуэ тІощІрэ пщІыпэ и кІыхьагъуэ, кърищІыпІамэ, ятІэ зепхэнымуи, блыным сэхуэ ептынуми а псор уищІ утетыжу блэжьыпІэн хуей? Ахьей, хуей. НтІэ, гъэ хъуамэ мобы и фызыжьри, ипхъу къикІыжари, абы кІэрыщІэну къыздишэжа цІыкІуитІри итщ ди хадэм, уи нысэм зигъэпІэжу хиса уи бжьыри, бжьыныхэу, помидор жьпІэми - псори яутэ. ЖьытІэІамэ: «Дыхуитепсщ ятІэ зетхэну!» - аращ жэуапу ящыдгъуэтыр, я акъыпкр здынэсыр аращ. Хэт ар къыпхуэзыдэнур? Абы и закъуэ, я Іэщ псэуалъэм къыщІэж ебэпсыпсу си пщІантІэм къыдольадэ.

- Арат япэм щІабубэрэжьар?

- Аращ. Зэ укъыщІучынкъэ?

- Ныджыгуэрым сыт зэпэвбыдар?

- Зэпэдубдарамэ, уэлей, ди жэмым къэшІгъуэ хъэскІэ бэлыхьу дызыхигъэтым ущыгъуазэ си гугъэщ...

- Жагъын Іей къищтащ, жаІэу зэхьізох.

- Сэ нэхъыбэм губгъуэм ситуи. Уи ныесэм жэмыр къишыну зэрыщІэтІысхьэу, хьэблэ щІалэжь цІыкІуэр ди мывэхъунэм щытетІыысхьээри, мывэкІащхъэ гуарцэ щыкъуэйри, мывэкІащхъэри, сабэри ди хьеуан тхъэмыщІэм къытраГъэщащэ, мобы зиухуу щІедзэ, къолъэкъуаэри, фызыжьыр къреуд, шэри иреклут. Мы ди гъунэгъум я лъакъуэ псыгъуэращ псори зэхэзэшІыэр. Фызым удын мащІэ къытехуа? Дэри гъэшынжэу дыкъонэ. Ар зэмэ е тІэумэ зыгуэрт - махуэ къэс. Жэм къэшыгъуэхэм иджы пщІантІэм сидэмысу хъуркъыми, мо хъумакІуэу сыздэщыІэми ар псалъэмакъ ящІ. Жэмым гущтэ ищІащи, и лъакъуитІым кІапсэ къешэкІауэ, а кІапсэ кІапэр сэ сІыгъэу сыщымытмэ. Фызыр зыщІигъэІэбэнукъым. ПщэдджьыжькІи пщыхьэщхьэкІи мобыи сыщыІэн, мыбыи сыщыІэн? ПльаГъурэ а Іейхэм сызыІуагъэува Іэнатіэр? Мо ди щІым къытращыхьа къомым ищІыІужкІэ... Хэт а псор къыпхуэзышэчынур?

- НтІэ, ди къуажэм и мызакъуэу, хамэ жьлэ нэгъунэ щызэхуэх бззэрым фІэкІа вгъэзытІэкъэ фэ тІум зыщызэвупсеин? Псори къыфІщІэпхъу...

- Бззэрым сшат, Іэу, жэмыр. Ар Іэщым зэрыгтхуэмыхъужынур къыбГурызгъэІуарэ пэт, лІо жьпІэр? «Сшат» жысІэ щхьэкІэ, шэкІэ мыгъуэт ар. ІумпІэм дэмыкІуэу, езыр зыщІыпІэкІэ екъурэ урихьжьэу... ЩІалэжь цІыкІухэр, мо Шэфихьщ ирихьжьыр и къуэ асмыжри яхэту, ныкІэлъеуэурэ псыхъуэ гъэзгужкІэ едунэтІэхащ. Дежьащи, ся зыщІыпІэкІэ сокъу, езыр - нэгъэущІ льэныкъуэмкІэ ирелъэнтІэкІ. Сытми, си гущхьэри си псэри игъэуфІыцІауэ бззэрым дынэсащ. Дынэса щхьакІэ - еуи укІ - Іэщ щащэм нытхуеКІуалІэрыкъым. АпхуэдизкІэ сигъэзэмпІэщатІ, схуэмышэчыжу башымкІэ и пэм тІэу сыхэуащ икІи сыкІуэцІыпкІащ.

- Уи жагъуэ умыщІ, кхъыІэ, ТІатІу, ауэ сэ сщІэну сызыхуейр уи жэмым уэзэрыхэуараКъым. Уи гъунэгъу Шэфихь бубэрэжьныкъым. Уи гъунэгъу Шэфихь бубэрэжьныкъым. Ар хьэдагъуэ, Іуэхум и пэр зыщІыщу, и кІэр дауэ къызэрыпщІэнур? Хэт къэунэшэм, хэт зэхэмэ дауэ зэхэбгъэкІыну? - нэхъри къызэщІопльэ ТІатІу. - Си Іупэм щхьэ утес, сумыгъэпсалъэу? Ти, сыплъэмэ: мо Шэфихь Іупэ дыкъуаеКъуэжьр щытщ абдежьым спэмыжьжьэу. Хамэ мэ къуажэ кІикІыурэ Іэщ къищэку-ищэж хуэдэу езым ещхь гуэри къыбГъэдэтщ, и ефэгъу-кІуэГъужэгъуу... ЧэфжьщІ, къаІурож тІуми. ТІэ, Шэфихьжьым зыгуэрэр мобы жреІэри-жреІэ, итІанэ тІури къыщІедури ину мэдыхьэщх. КъэсщІащ сэ къызэрыстепсэпъхьыщ.

- КъызыфІэбгъэІуэхун хуеякъым, ТІатІу. Иджы бэлыхь дыхэхуащ.

- ЛІо мы жьпІэр? - кхъыхкІикІ ТІатІу, нэхъынэхъуу Тобий іоплъ. - Мо фІэкІа шэрей зиымуан ауан зыкъзезгъэщІуи?

- Сыт хуэдэу щымытами, уеуэн хуеякъым, ТІатІу. Зэрыдыхьэшха къудейм щхьэкІэ уеуа, хьамэ къыпхужиІэауэ зэхэпха?

- Зэхэсхащ. КъедаІуэ укъытримычу. СоупщІ Шэфихьжьым: «Сыт, жьІэурылэл, абы сэр щхьакІэ жепІар? - зызэри. - Сыт фІыщІдыкъэшхыр?»

«Сызыхуеи дыдэр жеСІащ, дыхуитепсщи додыкъэшх». - «Ара?» - «Аращ, уэлэхьи. Хэт уфІэщІрэ, жи, - уэ къэбгъэпцІэну узыхэтыр? Зыкъэзымыгъэш жэмым хэт уи гугъэхуейр?» - жи.

Аргуэру ину тІури зэрогъэдыхьэшх.

ИтІанэ жьзІэІэ абы: «Сэ къэзгъэпцІэнІауэ сыпшІыкъым. Бззэр щІыжаІэжьр зыгуэр щІыпщэну, узыхуейр къыщІыпщэхунуращ».

Езыми: «КъэбгъэпцІэнІауэ ухэмытмэ, жэмыр укІи и лыр щэ, ящхэумэ арикІ». И гъусэм дежкІэ іоплъэкІ, аргуэрэу щІодыкъэшхыкІ. «Абы уи Іуэху хэлъхьаи», - жьзІэІэ. - «Хэлъщ, - жи, - си щІалэ цІыкІур щыбГъэхъэулейкІэ. Хэт хуит зэущІар бззэрым ми си къуэр къыздэпшэну?» Соплъэри, и щІалэ лъакъуэ псыгъуэр и адэм къызэІуІэрыгъэу, збГъэдзжьжьауэ абы и къуагъым къыкъуоплъри къуэтщ. «А уи къуагъым къыкъуэплъ лъакъуэ псыгъуэр ящыщщ мы си жэмым жагъын къезызГъэщтахэм, зыкъуимыгъэшыжу зыщІахэм», - зызоІэ.

- А псор цІыхум зэхахьу?

- Зэхахьу, уэлэхьи.

- Сыт «еууей» жьхуэпІэр? - сыкъуаншэ зыгъэркІэ?

- Хьчищ, жьІэт адэкІэ.

- НтІэ мобы: «Уэ узыщыщІри пщІэж мыгъуэркъым!» - жи, мо къыбГъэдэтым зы лІы бэлыхьу зыкъыщигъэхъуну-щэ, къыбГурыІуа, зыкъиІатэгъуэ и жьэр къыстреунащІэ. «Сыт сэ сызыхуэбГъадэр, ныкъуэделэ? Сыт уи гугъэ сэ сызыщыщІыр?» - жьзІэІэ, сыкъэлыбауэ. «Жьлэм ялъагъу, - жи, - хэт делэми». «Сэра ялъагъур жьлэм?» «НтІэ, хэт уфІэщІр?» - жи мо чэфым, ещІэ-къещІэуРэ: «Уэ Іеижьыр узэрыделэр жьлэм ящІэ», - жи. «Ара?» - «Аращ, уэлэхьи». «Мэ-тІэ, арамэ, мэ-тІэ, арамэ», - зызІэурэ си башыжьыр сигу пэщыхь къуэслъхьащ. Мо и гъусагъэжьым зэуэ кІэбГу зищІащ ахъу абыикІ къуэслъхьэнт, сыкъэгубжьыщІа... Арати, ду жоуэ цІыкІуи они къызэхуэжэсащ. МоІеижьым лъыр къыІурож; псоми сэ сагъэхъуанШэ. Си жэмым мобы и зэранкІэ ідэпщІэ зэримыІэжьнури, жьлэгъуалэм зэхахьу мобы къызэпэсари, зыми щІащкъым.

- Ара зэхьуар?

- Азалхьэ, абы и мызакъуэкІэ, - апхуэдэу и жьІи и къыщІыхьэжи зы ищІащ унэгуащэ Хьэбибэ. Фыз фІыцІэ хэщІыхьат ар, Іэгъумлъэгъум хъужаеу, нэкІу Іуэрыт-пэтІинэт, нэфыцІэ-нэ пІащэу, щыпсальэкІэ и нэжьгъущэр диупщІэ хуэдэ ищІырейт. ІэлъэщІ Іуэ къуэлэнышхуэ и бгым щІипхат, абы кІэпхьи кІыхьыр къыстелъыжу. ЩхьэфІэпхьикІ фІыцІафэ къызэрыгъэжІкІэ абы и щхьэр фІэжъуэзыкІат, тхъгъэ фІыуэ зыхидза и щхьэц налъэ зыриз димыупщІэу къэнауэ.

ШэщІэхум къикІыжа фызым пэгуныр Іэнэ лъахъшэ цІыкІум тригъэувэри, Тобийм сэлам кърихащ, я псэуКІэм, я узынщагъэм щІэупщІэщ, тІэкІу дэкІри, и Іэр и кІэпхьи кІапэмкІэ илъэщІ хуэдэу ищІри къыщІигъащ:

- ЛІыжьым щІэбгъэкъуэнщэн лъэпкъ кІэрылъкъым. Тхъэ, кІэрымылъ, - итІанэ и щхьэгъуэсм дежкІэ зегъаззэри, йоупщІ: - ЩхьэФ мы уи къуэшым жумыІэрэ а унагъуэм дэ дагъэшэчыр, екъэжуншагъэрэ емыкІуу къыдащІэр зыхуэдизыр? Жэмым и удын мащІэ къэстехуа сэ? Шэ пэгун мащІэ сфІрикІута жэмым? ЩхьэФ жумыІэрэ?

- ЖесІам, уэлей, псогуэри. Мыдэ зэт, мыр нэзгъэсынти...

- Іэджэжь къэбГэнакІэ, Алыхь, жумыІэу.

- КІЫхьу, зыщІыкІу димыгъэхуу къызэІуІэтыпІащ.

- Ан-на, ипхъу къикІыжам къызипэса къомыр-щэ?

- Зэ тебэяуэт, - жи ТІатІу, и Іэр ещІри, - ар фыз Іуэхущ.

- НтІэ, шыудз тІэкІу къэсшауэ сунэщІрэ пэткІэ, - къыщІедзэж ТІатІу, - «Аймыгъуэ!» - жери мыбы и макъ щтэгъуэ-гужьеиГъэр къоІу. Гум сыкъэпкІэрэ Іуэм сильадэмэ - мы уи ныесэр Іурыуфіыцікіыаеуэ, пэгуныр лъейри аддэ нэс Іуджэрэзыкъжаеуэ, мыр шэ икІутам хэлъу, мы си ниті къапльэмкІэ сльэгъауэ. Уэлей, сльэгъуакІэ.

А пщыхьэщхьэм ТІатІу зым и дежи унажэ кІуэфакъым. КІуаПІэ иІа абы сытми? Хьеуан къэщта-гужьеям фыз тхъэмыщІэр пІэжьажьэу къриударэ щыльмэ, загъэпІэжу ящІа хадэм жэмыр илъэдарэ ар зэхиутэжэ, Іисраф ищІмэ, шыудз тІэкІу къишарщи, нькъуэуэнэщІмэ... ТІатІу абы щыгъуэ и фэм дэкІар!...

Тобий хэпльэщ-хэпльэрэ, жиІащ:

- Уэлей, дощІэм къызэрывэжъэнщэкІар, ауэ дахэкІэ ягурыгъэІуэн хуейц, пІэун! Догуэвэ, аргуэрыжьти, ТІатІу пІэпэрэпащ, жаІэу... Жагъуэгъур гуфІэнэщ. Зыгуэр зэхуэдэмышыхьу дауэ ар? ДегъэкІуэкІи, «Сыкъуэншащ, къысхуэгъэгъу», - жеІэ... Аращ тэмэмыр.

Тобий апхуэдэу здыжиІэм, зэщхьэгъуситІым зэхахар хьэдагъуэдахэ дыдэ къязэрыщыхьуар я нэгум кьищу, зыр адрейм ёоплъыж. Хьэбибэ зэ зэуэ кьитхъутхъукІащ:

- Догуэ, мы къыупсэльыр лІо? Ар нэхъ къыщхъуэгъути, езыхэм къыдащІэ псом ищІыІужкІэ. - Ижьыжьм абы щхьэц налъэ къыхич хуэдэ ещІри, и ІэпхъуамбитІыр зэтепІытІащ зэрыкъуэпІий: - Алыхь лъагэу лъэщ, мыпхуэдиз яхудэзэмычыхьи! Мыпхуэдиз ари! Ей-ехь! Хьуну пІэрэт мы жьпІэр?

- Абы щыгъуэ игъэтІысхьыкІэ, уэлей.

- ЯГъэтІыс мыгъуапщІэр зэгъэщІын хуейр езыхэращ.

- КхъыІэ, Хьэбибэ, мы ди адэ къуэшыр нэхъри къызэщІумыгъэст. Ди псалъэмакъым, Тхъэм щхьэкІэ, укъыхэмыІэбэ.

- Іэуэу гущІ! Мыбы зэхъызэгъэхырелъ! - жи. - Ауэ сытми сызэрызэІэбэнур! ЛІо мы зэхэзгъэх хьэдэгъуэдахэр? Хэт хэІэбэну иІэр мыбы, си сыхэмыІэбэмэ? Сыхэт уи гугъэ уэ? Пьапсэжьым дисыхункІэ уи фыз цІыкІур кьштхьыхьэри махуэ зэхуэ жьдигъэІэлакъым, зэнысэгъуитІым дяку псалъэмакъ къыдилъхьэурэ. Азалхьэ, ухуейми уи жагъуэ щІы, хьэблэ фызыр дызэмызэгъэнЩ дызыщІар мис а уи щхьэгъусэракІэ, ыхьы, хэт уфІэщІрэ? Псалъэмакъым дяхимыгъэкІыу, зым и гущхьэ къэмыкІар адрейм жриІэу. Хъуашэ и мэкъу Іэтэу, уи фызым и жьэм лей димыщІамэ, лъапсэжьым ныджьисту дисыжьт, мыпхуэдизэ бэлыхьымрэ псалъэмакъымрэ дыхэмыту. Иджы уэ зэкІытщІэбдзаурэ? Ту умыукІытэу хамэм укъыдэщІрэ?

- ЩыгъэтІысхьэ иджы! - кхъыхокІикІ ТІатІу, арщхьэкІэ абы жиІам зыри кхъыкІакъым.

- Уэ зэтебэяуи, дыгъэпсалъэ, - жиІэу Хьэбибэ къыщыхуитІым. ТІатІу сабырыжащ, фызым адэкІэ ирекъутэкІ: - ДыкъывбгъэдэкІщ, мыбдежым дыкъэІэпсэуэри, Азалхьэ, мы щыс тхъэмыщІкІэм лъапсэр иугъуеин щІидзэри, икІрауэ зы чырбыш къыдумыІэтакІэ, мыр си адэ къуэшыжьщ, жьпІэр. Пэж хъэмэ пцІы? Хамэм щхьа ту умыукІытэу унажэ къэкІуэфа? ЛІо «ужьхъэмІэбэ» жьхуэпІэр зищІысыр? Азалхьэ, мы гуэщІщэфІапІэр щІын дуахуэ «уоуэт!» жиІэу фязыхэз къыкъуэмыкІа. КІуэ, псэцІ, Хуэдэ (арат ар Тобий и адэм зэреджэр) и гуэныхь сыхуеЙкъым...

- Еууей, еууей, Хьэбибэ! Дэ догуэвэ, езбы иГъащІэкІэ дигу къэмыкІахэр... - Тобий къызэфІэуващи, и щхьэр игъэсысуРэ унэ лъэгур къызэкеІухь, и нэкІу сырыхушхуэр зэм хужь мэхъу, зэмп плъыжьыфэу уІуопІэ. Иужьым: - КхъыІэ, Хьэбибэ, мы щымыщхэмрэ сигу къэмыкІэмрэ жумыІэ, - жери ёотІысэхьж.

- Азалхьэ, щыщщи, ауэ сытми эярыщыщыр, - жиІэурэ фызым зригъэзэжкІи, Іэнэ лъахъшэм тригъэувэ шэр къыщтэри, зэрригъэщтынрэ хуэдэу шыуан цІыкІум ирикІащи, пэгуным псы здригъэжьхьыжьыкІ къыщІегъу: - ЯГъэтІысхьнущ, жи, хъунт ар лажьэ иІамэ, лажьэр зытехуэн хуейр мохэрарэ пэткІэ, дэ дыкъуанашэ. ПтулькІэр зэраунэщІрэ тэлай хуэди дэкІжащ, ауэ Хьэжсуф зигъэхьейрьым; жиІэшхуи щыІэжьым, тутын Іугъуэм кърегъэтхьэлэ. Дауэ мыр? Ахъшэ гугъу щхьэ имыщІрэ мыбы? Сэ дыгуасэу дуеиным тетыр кхъуэсщтакъэ? Ебы естар къызэтыжу хьэщІагъэ гуэри къызихьн хуейкъэ? Мы зи пщэр пытхъэлыкІэ птулькІэжь цІыкІу закъуэм фІэкІауэ... Ексыкъуэ Іэнэм къытехьаникІ епІъ: помидор удзыфэ шыуаУэ зытІыщ, щІакхъуэ тІэкІу. Ари ерыскъыщ, ауэ и щхьэгъусэм сыт ар къыщІытримыгъэвэр? Махуэ къэс сыкъыщІэджьлэрэ сэ мы унагъэм?! Аууей! И фызыр адрей пэшым щокІий, щогуо, мэшхьдэ.

Мо зи щхьэр зыщІыжу блэзэщІыкІыжьІуа Шэфихь игу кьеуэр (сом щищ гугъур) тІэкІу-тІэкІуурэ къызэпихьжьыкІыу щІедзэри, сэтей кьыфІохьупэ. Мыдрейми абы жиІэхэр щхьэжэ имыщІынхуэзфІэкІыркъым:

- Си унагъуэм псалъэмакъ къыумылъхэ, сэ армырами орокъу, - жиІащ Хьэжсуф, мобы гупсэхуу едэІуэ нэужь, и щхьэр зэуэ къиІэтри. - Дыгъуасэ зы бжьэ себгъэфамэ, уеэгъэфэжащ.

- Ара?

- Уэлей, арамэ-тІэ, лІо нэгъуэщІ?

- Дыгъуасэ сом щищ къисхри уэстакъэ? Хьэуэ, уэстакъэ, гупым, яльаГъуу?

- Еууей, еууей! Ара жьпІэжьынур? Ахъшэ хъужьщэ кьпІъэфаУэ блэкІри къыблэкІыжри, къыщІыхьэри-щІэжьжри Іэнэм къеплъэфаІІэрт, уэгъури чыхури къыбГурымыІуэжуи, ныбжеСІащ мыпхуэдэу: «Шэфихь, мы ахъшэр Іисраф умыщІ, сом щищрэ тумэнитхурэ си щІыхуэу птелъщи, тумэнитхур уи хьэлэщ, къыпхуэзогъанэ. Щищыр кьыззтыж, иумыкъухь», - щІыбжеСІэм: - «Уэлей, пэжым, куэд щІатэкІэ уэстыжьи зэрыхуейрэ», - жьпІэри... Іисраф умыщІу щІыкІэр зэрыпткІам щхьэкІэ угуфІэным и пІэкІэ, лІо мы къыубжьр?

Хьэжсуф зэуэ къызэрыІэувэщ, мор зытес щэнт щІыбыр Іэ сэмэгумкІэ иубыщ, зыкъыхуигъэщхъри нэхъ щэхуу, ауэ къуза-къузауэ, и пщэ лъынтхуэ къытридзар пльаГъуу, къыпищащ:

- Си щІыхуэ птелъти къызэптыжауэ аращ, адыгэ. Ари тумэнитхур къыпхуэзгъэнэжауэ. КъыбГурыІуа?

- Сыт щІыхуэ? Уэлей, зыри къызГурымыІуэ.

- Мыбы жиІэжьр пльаГъуэр? Уэшхыпсри уэсыпсри си пщэм къыдзэжу и жэмыр, выщІэр щыгъуэжу, си хъущэм зэгъэхуауакъэ?

- НтІэ, хъупщІэр уэттакъэ?

- Жэмым щхьакІэ къызэптащ, выщІэм ейр дэнэ щыІэ?

Хьэжсуф захуэу къызэфІоувэж, унэ лъэгур къызэхикІухь хуэдэ ищІурэ и Іупэр тІэу-щэ егъаджэри, щэнтым зытрегъэзэгъэж, зэрызыхуэзарэзыкыр и гущхьэ кьищу. Иджы ар и пащхьэ ирсыи пкъроплъыхь, тІэкІу докІри къыщІегъу:

- Выщ Іэм ейр пщыгъупщэжа?

- Сыт щхьакІэ, выщІэр бгъм щыбГъэхури фІадгъэжьжажъэ? ПщыгъупщэжА?

- Абы и лъакъуэр щыкъутар мазибл енкІэ си хъушэм хэта нэужь, адыгэ. Мазиблым ахъшэ сом щищрэ тумэнитхурэ хуоэз. Сэ гущІэгъу пхуэсщІ мор зэрыфІэбгъэжьжам щхьэи, тумэнитхур къыпхуэзгъэнэжарэ пэткІэ... Ар зы, адыгэ, сэ выщІэр бгъм щызгъэхуакъым. Ар зэгъащІэ. Ло, сэ а Іэщ тхъэмыщкІэр хэзубыдыкІыу...

- ХэбубыдыкІащ, жысІэркъым сэ, ІэхъуитІыр фызгъэгъащ, къуажэ былымыр кІэрыуТІыпщ хуэри...

И щхьэгъуэсм нэхъ зэхримыГъэхыну дыдэр кхъыжьэдэ-кІат Шэфихь. Хьэжсуф зэпІъэкІмэ - и фызі Лалыхъ хъыданыжь гуэр иІыгъыу унэлъащІэм тельэщІыхь хуэдэу зещІри адрей пэшым щІэтщ, лІитІым къакІэщІодэІухьри. Армырами мащІэ щІа ар фызым и жьэм зэриишхрэ? КъыдриГъэжеижурэ къриудэжьім кІэ имыІэу... «Улажьэркъым, упщІанТІэркъым, уеГъуэгъуэ уи Іэхъэныр уагъэхуащ, жиІэурэ, къешхьпэ. Ильэсищ-плЫкІэ абы къуажэ былымыр игъэхъуащ, унагъуэмкІи щІэгъэкъуэнышхуэт къилэжьыр. Ауэ мазиблрэ махуэ тІощІрэ блырэ нобэ ирокъу зыри имыщІэу зэрыщысрэ. Ущысынкъэ - хьэблэ лІыжьыр я кузбжэпэм къыщыщІэхуэсри къагъэльеащ. Мы сырыхужьырикІ, и Іупэжь зэгуэудыжауэ, семыджарэ семыбгуэ къысхуепсыри си унагъуэм къихьащи, къиврри жиІэри имыщІэжу си Іэхэр нэхъри къегъэуфІэнщ.

... Сытми, зы зэман Хьэжсуф и хьэщІам зыкъиІэтыжащ. Ар здигъэкІуэтэжьм зы теуэгъуэ хуэдэ якІуауэ, шокъу жоуэ лІитІ къахуэзащ, я кІэупІастэ зэІурылъу. Зым Бжьыгуэкіэ ерджэт, дзыуэ фІащауэ. Ар лІы сырыкъ Іэмащ1элъэмащІэ псыгъуэ цІыкІут, мыдрейр плІабгъуэ хэщІыхьат. Абы и цІэр Цут. Ахэр зэщІигуфыкІщ, зэщІэупщІэри... мобы и Іупэ зэгуэудар къызэралъагъуу гуэзвэнтэкъэ, Іэджэми щІэупщІэнтэкъэ? «ЕІмэ-еІщ! Ар сыт хьэдагъуэдахэ?» И къанлыжьым дэ хуэфІ дымыкъуэмэ...»

ИкІэм а тІуми жаІащ мор кьэнэкІафІэ зэрыхъуар. «Уэуи лажьэуи къэзгъэлІнчр абы иріуэну Тхъэм къыщІигъэкІ», - жари къуэхъуахэщ.

Иужьым Бжьыгуэм: «Уэрей, ар апхуэдэу зэфІэмыкІыну, хъуэхъу гъущэ къудейкІэ дауэ? Зэ моуэ фыщыт», - жиІэщ, зричри, уней тыкуэн гуэр щыІт нэхъ ищхъэрэІуэкІэ тІэкІу уекІуэтэхми, абы ирихуІащ. Ауэ щІэкІуам зыри кьыззэримыкІар и нэгум кьищу ар къыщыІухьэжьм, Цу щоупщІэ:

- ЛІо кхьбжийэр?

- Бжьит уасэ стельу итщ и тетрадым. Уэлей къеІыСхауи сымыщІэж. Къысхуилъащ: «ЩІыхуэ птелъу ту умыукІытэрэ?» - жери.

Хьэжсуф и Іэр ищІри ІуигъэзыкІыжу я унэ ихьэжьну пыхьат, аращхьэкІэ Цу ар къызэтригъэувыІащ: «Зэ, лІэун, умыпІащІэ. ЛІо укІуэжу пщІэнр?» - жери Цу ирегъэзыхьэдакъэщІыкІыу. ЛІишыр кІэлъыпІэнрэ модрейр къыздыукІыжа тыкуэн дыдэм Цу Іуохьэ икІи зыІэжьэ-зыкъэІэжьэ щымыІэу къегъэзэж, зы зэкІуэлІъыфІ ИІыгъыу.

- Си паспортри сыхьэтри кхъуэзэгъэнащ пщэдей хъуху. Зэхэддзэнщи, зыгуэрурэ еттыжынщ.

КІэгъэпшагъэу, къыпихуу зэманыфІкІэ екІуэкІами, бжьыхьэкІэу къыпхуэмышІэу дунейр дыгъэпсы дахэ хъужат. Тхъэрыкъуэф Іэнэ щыбухуэн мащІэт сытми? Пьэныкъуэ зебгъэшну, къуагъэ щІыІуну къудрэт? Шэфихьым кьехъуэхъуну жьзыІахэм жаІар яГъэпэжащ. Ахэр Іэджэми я щхьэфэ иІэбэнтэкъэ? Иужьым, Шэфихьым къригъэжьхьажэ сом щищ гугъур егъэнышцкІ, псори кьыщІедзэвеижащи, ещ хуэхуэкъыркъым. «Мы фльагъу мыбдежьм щысым къызитыжьнэ идэркъым», - жи.

Іуэхум зыкІи щымыгъуазэ лІитІым ар къаззэрыригъэщІари, и фызым зэхихьу Іэхъуэфэ гугъу зэрригъэІари кхъэхьэжри, Хьэжсуф пхъэщ, зэблэдза-зэбгрыкІуриикІыжауэ зэхэлъ птулькІэ нэщІхэм ящІщ зы кьипхъуатэщ, мобы и щхьэм техуэри, кърикъутэхнтэжкъэ лъы къуалэр къежхэху. Удыныр зытехуа тхъэмыщІкІэр зэрыуфэрэнкІыу, Хьэжсуф зиІэжьжакъым: кІэбГу зищІащ, хъуанэщІанэурэ.

«Уэлей, дэ псынщІэу зыгуэр къедджэнщ ахъу», - жаІэурэ ерагъмыГъуейуэ зыкъаІэтри, зым и Іэблэр адрейм иІыгъыу, Бжьыгуэ Іуи еутэжІыу хъужащ Іуэрыкъ зыкъиІэтыжьжащ... А тІум Шэфихь и унагъуэм хъыбар лъагъэІэсагъэнущ.

Я гъунэгъур хьэлъэу кхъызэрашэжар яльэгъуарэ пэт Хьэбибэрэ ТІатІурэ языхэз екІуэкІакъым, «Еууей мыгъуэ! Мыр гуэрыр дауэ

Зэ1ущIэр щекIуэкIым.

Лъэпкъ Iуэху

● Шапсыгъ щIыналъэ

Гъэмахуэм зэрызамыгъэпсэхунр къигъэлъэгъуащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм иджыблагъэ Тlуапсы щригъэкIуэкIа зэIущIэм. Ящ1эн хуейр куэд мэхъу, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу жылагъуэ лэжьакIуэхэм Iуэху зыбжанэ зэфIагъэкIыну къапэщылъщ. Аращи, куэд елъытат щIэрыщIэу хахыжа Хасэм и ящ зэхуэхьэм.

ШАПСЫГЪ Хасэм и тхьэмадэ Чачыхъу Мэжид къызэрыкIыжащи, щIыналъэ, кIалэ, хэгъэгу къэрал къулыкъущIэхэр хэту ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм щIы Iуэхум, Сочэ, Тlуапсы щIыналъэхэм щыпсэу адыгэхэм я сабийхэм я анэдэлъхубзэр школхэм щаджа зэрыхъунym, нэгъуэщI куэдми щытепсэлъыхьащ. Хасэм и комитетхэр убзыхуным икъукIэ жуаулпыныгъэ пылъу бгъэдыхьащ. Щ1эуэ комитетитI къызэрагъэпэщащ, щIыпIэщIэхэмрэ адыгэхэм я тхыдэ лъэужьхэр хъумэным теухуауэ лэжьэну.

Зэ1ущIэм кърихьэлIахэр апхуэдэу арэзы техъуащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и къудамэхэр адыгэхэр щыпсэу Адлер, Къуэдрыпс, Хъуэст, Якорная Щель щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщыным. Абы михьэнэшхэу иIэнущ зэлъэпкъэгъуэхэр зэрыщIэнымкIэ, адыгэ псоми зэдалэжь Iуэхуэхэм ахэри хэша хъунымкIэ.

Зэ1ущIэм щытепсэлъыхьащ «Шапсыгъ» газетым и IуэхущIафэхэм. Къызэхуэсахэм хахащ газетым и редакторыр, Къэбэрдей-Балъкъэр (ар Ныбэ Анзорщ) редколлегием хэтхэр.

Зэ1ущIэм щыхахащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Х Зэхуэсышхуэм ягъэкIуэнухэр. ДАХ-м и вице-президент Чачыхъу Мэжид къыщынэмыщIауэ, абы кIуэнущ Хьэртlу Хьэмэзэ, Ныбэ Джэмбулэт, Щхьэлахъуэ Сафир, Ныбэ Анзор сымэ.

ШАПСЫГЪ Анзор.

Дерби саугъэтыр дыдейщ

● Шыгъажэ

Тхьэмахуэ махуэм Налшык ипподромым щекIуэкIащ ди республикэм, Кавказ Ищхьэрэм и шууей, шыгъажэш нэхъыфIхэр зыхэта, «Дерби», «УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэ», «Москва къалэ» саугъэтхэм щыщIэбэна шыгъажэ.

ПСОМ я дежкIи гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дерби саугъэтыр республикэм къызэрыщIнар. Къыхэдгъэщынщи, иужьрей илъэсищым зэкIэлъыкIуэу а саугъэтыр нэхъыщхьэр Ингушым и шууейхэм яIэрыхьащ.

Шыгъажэр къызэзыгъэпэщахэм яхуэзфIэкI къагъэнакъым ар щIэщыгъуэрэ удэзыхьхыу ирагъэкIуэкIын папщIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэрым щекIуэкI шыгъажэм къэкIуат «Урысей ипподромхэр» ОАО-м и унафэщI нэхъыщхьэ Исаков Николай.

Шыгъажэр Нартан кIуэжэм и саугъэтым и щIыхькIэ къызэIуахащ. КъБР-м шы лъэпкъэфIэ гъэхъуным зыщегъэужьныныкIэ дэIэпыкъуэгъу хъу фондым Нартаным и саугъэтым сом мини 100 хухихат. Метр 1800-м къыщыщIэздэжащ илъэси 3 зи ныбжь шыбзи 7. И хьэрэхъэгъуэхэм ефIэкIри, гъэгуанэр псом яп1э къызэпичащ Сэкрэк Заур и Джаннат пцIэгъуэплъым. Тренерыр Бахъуэ Мухьэмэдщ, къэзыгъэжар Къэжэр Алимщ.

Метр 1600-рэ гъэгуанэм къыщыщIэздэжащ илъэситI зи ныбжь шыгъажэш 11. Саугъэт ахъшэр (сом мини 100) къызыбгъэдэкI «Малка» шы заводым ейуэ абы хэтт куэд щIауэ шыгъажэм дихьэхэм яцIыху Затойчи, Волчарэ, Вориунэ, Сагданэ шыхэр. Хьэрхуэрэгъу псори къызэринэкIри, яп1э ищащ «Налшык» хьэлвэ заводым и Симеон. ДакъикъитIрэ секунд 36,6-м абы гъэзыгуанэр кIыхьэпичащ. Тренер Балъкъэр Хъусенрэ щууей Альбердиев Анзоррэ саугъэтым зэрыригушхэр нэрыльагъат. Ар абыхэм яритащ «Урысей ипподромхэр» ОАО-м и унафэщI Исаков Николай.

ЕтIуанэ гупым хиубыдэ «Большой Спринтерский» саугъэтым щIэбэнащ илъэси 3 зи ныбжь, нэхъыжь шыхэр. Зэпеуэ гуащIэм метр 1200-рэ гъэзыгуанэм и хьэрхуэрэгъу лъэщ Джой Ченс къыщызэринэкIри, текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ Сэкрэк Заур и пцIэгъуэплъ Каманчо. Ар кIигъэжащ Къэжэр Алим, тренерыр Бахъуэ Мухьэмэдщ.

Щууей, тренер щIэрыIуэ, республикэм и тхыдэм щыяп1э 1991 гъэм щууей нэхъыфIу зыкъэзыгъэлъэгъуэ, утыку куэдым ехьулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа Хьэщпакъ Елдар лъэужьыфI кIыгъэнащ. Игъуэ нэмысу 2005 гъэм дунейм ехьжа щууейм 2003-2005 гъэхэм Къэзахъстаным и Дерби саугъэтыр щэнейрэ зыIэригъэхьауэ щытащ. Мастер-щууей щIэрыIуэм и фэеплъу Хьэщпакъхэ я унагъуэмрэ Налшык ипподромымрэ ягъэува саугъэтым щыщIэбэна шыгъажэм (метр 2000) хэтащ илъэси 3 зи ныбжь, нэхъыжь шыхэр. И хьэрхуэрэгъуэхэм Iэмал гуэри кьахуимыгъанэу псом яп1э гъэзыгуанэр къызэпичащ Ингушым щыщ Ганижев З. ей Дарк Голд пцIэгъуэплъым. Щууейр Каппушев Мырзэбэчч, тренерыр Шыд Полэщ.

Москва къалэм и саугъэтым (Дерби щIыкIу) теухуа зэпеуэм зыкъыщагъэлъагъуащ КъБР-м и Дерби саугъэт зэпеуэм хэмыхуахэм. Метр 2400-м ерыщу щIэзэпэщIэтащ щыгъажэш 11. Псоми ефIэкIри, бжьыпэр иубыдащ «Малка» шы заводым и Джет Минарет. Тренерыр Алокъуэ Асльэнджэрийщ, къэзыгъэжар Щыкъ Астемырщ.

Мис апхуэдэу иухащ зи чэзу щыгъажэр. КъыкIэлъыкIуэр фокIадэм и 1-м екIуэкIынущ.

УАРДЭ Женя.

Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

● Фщ1эн папщIэ

Зэхыхьэм фрагъэблагъэ

Налшык къалэм ЛжьыгъэмкIэ, щIыхуэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныр зэрэ ядэIэпыкъуныжмкIэ и Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм щыщхьэуIум и 13-нэ сихьэт 16-м «Невинная улыбка Вселенной. Давайте знакомиться» Iуэхум хьихьэу, Налшык къалэм и Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щIригъэкIуэкIынущ «Планета Вили - мир равных возможностей» проект-конференцыр. Абы къекIуэлIэнчхэр яхуэзэнущ сабий тхакIуэ Гуровэ Людмилэрэ унагъуэ библиотекэм и лэжьакIуэхэмрэ. Апхуэдэу сабийхэм зэрадэлажьэ методикэ нэхъыфIхэр ягъэлъэгъуэнущ. Адэанэхэмрэ я сабийхэмрэ, гупыж зыщI псори зэхыхьэм фрагъэблагъэ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лжьыгъэмкlэ, щIыхуэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныр зэрэ ядэIэпыкъуныжмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Тепlъэгъуэр

Зэныбжьэгъуэр.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ*

Сыт хуэдэ лъэхъэни адыгэхэм ди мэщIакъым Iэщэ зыщIхэр. Пасэ зэманым адыгэмрэ Iэщэмрэ зэкIэрыпч мыхъун Iуэхугъуэт. Ди Iэщэщ1хэм я Iэдакъэщ1кIхэр адыгэ лъахэхэм икIырти, урысыдзэми ялъэIэсырт, псом хуэмыдэу Псыжь-Тэрч къэзакъэм. Абыхэм яштар адыгэ фащэм и закъуэкъым, атlэ ди Iэщэри, Iэщэфащэ зехьэкIэри, шы гъэхъукIэри, тесыкIэри щ1ахьэ яхуэхъуащ. Адыгэ гъукIэхэм куэд яхэтащ хамэ щIыналъэ зэхуэмыдэхэм кърашауэ ди щIыналъэм щащэну къаша Iэщэ хьэзырхэр е абыхэм я пкъыгъуэхэр къаIурыхьэмэ, езыхэр зыхуей ящIыжыфу (сэшхуэхэр, къамэхэр, джатэхэр, фочэ е фочэ пкъыгъуэхэр). Адыгэ Iэщэр фIы дыдэу зэрыщытам и щIыхьэтщ Урыс-Кавказ зауэм жыджэру хэта, урыс генерал Филипсон Григорий и гукъэкIыжхэм хэтыр: «Урыс-Кавказ зауэм и зэманым адыгэ Iэщэр зэрахьэрт урыс офицер псоми».

Ижьрей зэманым а Iэщ1агъэм и пщIэр докIуеиж, абы дихьэхыр нэхъыбэ мэхъу. Абы и щIыхьэтщ Iэщ1эщIхэм я Iэдакъэщ1кIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Налшык къалэ дэт Лъэпкъ музейм иджыблагъэ зэрыщекIуэкIар. Мазэ енкIэ я Iуэхугъуэм кIэлъыплъыну Iэмал яIащ ди республикэм щыпсэуэхэм, икIи жьIэпхэщ апхуэдэхэр мымащIэу къызэрыщIэкIар. Музейм щагъэлъэгъуащ Джатэжьей Анзор, КIэрэф Темболэт, Тумэ Залым, БжькIший Анатолэ, Алмэ Мусэ, КIэщт Шагъир, Борий Къанщобий сымэ я Iэдакъэщ1кIхэр.

Илъэсипщым нэсауэ иролажьэ Джатэжьей Анзор мы Iэщ1агъэм. ЗэрыжаIэжымкIэ, абы адэшхуэхэр гъукIэ Iэзэу щытащ. Ауэрэ зэманым зихьэуэжырт. Лъэпкъ Iэщ1агъэу яIлъытэхэм я пIэм къиувэрт нэгъуэщIхэр. Дауэ мыхъуми, щIалэ цIыкIуэхэр сытым дежи дихьэхырт Iэщ1эм. Апхуэдэу Анзори дихьэхащ адыгэ Iэщэм икIи экономист Iэщ1агъэр иIэми, абы иримылажьэу Борий Къанщобий и деж кIыщ1ым къэкIуащ, зэрысабийрэ и хъуэпсапIэу щыта Iэщ1агъэм зыхуигъэсэну.

Анзор игу къызэригъэкIыжымкIэ, абы Iэщ1эщIу къыщIидзащ, ауэ адыгэ сэшхуэр, къамэр ищIу щыщIидзар илъэси 5 ипэкIэщ. Адыгэ Iэщ1эщIхэм пасэм къагъэсэбэпу щыта Iэмалхэр, щ1хуэхэр зримыгъащIэу еввэлIакъым Анзор мы Iэнатlэм. И егъэджакIуэм и лэжьакIэм кIэлъыплъ къудей мыхъуу, абы щIиджыкIащ тхыгъэ куэд, уеблэмэ адыгэхэм я тхыдэм, Iуэрыпуатэм Iэщэ щ1ыкIэр къызэрыщIигъэлъэгъуам щыгъуаз зыхуищIащ. Апхуэдэу Джатэжьей дахэу къыпхутепсэлъыхьынущ, псалъэм папщIэ, къамэр къызыхащIыкIхэм ящIыщу «гъурдэкIэ» зэджэ щам жырыр (дамасская сталь «гурда») зэрынэхъ быдэм; къамэр лIэужьыгъуэ куэду игуэшу зэрыщIытам: къамэ джафэ жуд (дэха) имыIэу ар зезыхьэм елъытакIэ зы жуд, жудитI е нэхъыбэ иIэу зэрыщIам; къамэхэм я инагъкIи-цIыкIуагъкIи зэрызэхидзым: бзыльхъугъэхэм я бгъэлъупIыкIыным щагъэпщкIуфэ сэ цIыкIунитIэм щагъэжьауэ «къамэ къуафцIэжькIэ» еджэу зауэм къыщагъэсэбэпхэри адыгэ Iэщ1эщIхэм я Iэдакъэ къыщIэкIыу зэрыщыгъам. Къэпщ1энущ «сэжьейкIэ» зэджэр иIэщ 50 хуэдизкIэ уэзIэбэжьымэ, адыгэлIым имыIыгъыу унэм къыщIэкIыу зэрыщымытар (хэти «жанкIэ» еджэрт сэжьейм). А зэманым цIыхухъум сэжьейр къыщIигъэсэбэпын щхьэусыгъуэ махуэ къэс иIэнкIэ хъунт: пхъэбгъыр иупсын, е лъыпIэ кьурыгъэкIын, е лы гъэвам и къупщхьэр джафэу игъэкъабзэн хуейуэ.

Анзор жеIэ иужьрей зэманым ди щIалэгъуалэр адыгэ Iэщэ лIэужьыгъуэхэм нэхъри дихьэх, щ1эупщ1эшхуэ иIэ зэрыхъужар, ар къызыхэкIым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ильыгъэр адыгэ фащэ ирагъэздым къамэ дэщIыгъуэм нэхъ екIу зэрыхъурщ.

- Сэри сроугфIэ абы. Мыпхуэдэ Iэпщ1эльапщIагъэ зыбгъэдэлъу щ1ыху зыбжанэ ди щIыналъэм щыбгъуэтыну аращ. Абыхэм ящыщщ тхыдэдж щ1энэгъэлI, музейм и лжьхьэм щ1ахьэ КIэрэф Темболэт (си гъэсэныр), Лэкъунхэ Салимрэ абы и къуэ Зауррэ (абыхэм сэ къыхэсIущIыкI къамэхэм тхьпхъэ тращIыхь), Хьэщхъуэжь Арсен, УФ-м Сурэтыщ1хэм я союзым хэт Тумэ Залым сымэ. Япон, Китай Iэщэ щIыкIэм дыкъытекIыу адыгэ Iэпхъэ Iэщэ щIыкIэм зыщIыхуэдгъэзам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр лъэпкъ Iэщ1агъэ, ди щэнхабзэр къыдэтхьжьын, абы щ1алэгъуалэ нэхъыбэ дедгъэхьэхьн мурад диIэу аращ, - жеIэ Анзор.

ЗэрыжаIэщи, «адыгэ сэшхуэр жьакIэупсым хуэдэу жану, къазыщым хуэдэу псынщIэу, жызым хуэдэ мэм хуэдэу лантIэу» щытыпхъэщ. А щытыкIэхэр абы еэзыгъэгъэтыфыр Iэзэкъэ-тIэ?! Сэшхуэр е къамэр къызыхищIыкIыну гъущIыр езым еГьавэ Джатэжьейм. Щам жырыр нэхъ быдэ, лантIэ зыщIыр ар Iыхьэ куэду зэрызэтелъырщ (100-м нэс). Сапэм и Iувагъыр миллиметртым фIэкIыркъым. Сэшхуэм е къамэ Iэпщэм и гъэщIэрэщIэкIэми мыхьэнэшхуэ ират. Абы нэхъыбэу къыщагъэсэбэпыр дыжьыныщ.

Iэщэм къыдэкIуэу, лъэпкъ дамыгъэхэри щеЩI Джатэжьей Анзор и кIыщым. Адыгэ лъэпкъ къэс щхьэж и дамыгъэ иIэжт пасэ зэманым, хьушэм хэт Iэщым трагъаруэу, абыкIэ кърацIыхужу, мывэм, фэм къыхэщIыкIа хэпшыпхэм тращIыхьу. Iэщэм дамыгъэ тезыдзэр машIэ дыдэт. Ауэ XIX пIэщIыгъуэм ящIа къамэхэм, сэшхуэхэм дамыгъэшI зытет ударохьэлIэ: лъэпкъым ейм ар зыщIа Iэщ1эщIым ейм. Ди зэманым апхуэдэ щIыкIэу дамыгъэ къэзыгъэсэбэпыжыр машIэщ, ауэ зи тхыдэр зыгъэльапIэ дэтхэнэми я адэжьхэм къащIэна лъэпкъ дамыгъэхэр я унагъэхэм щахъумэ.

Кавказ зауэжьым, 1917 гъэм къэхъея революцэм и ужькIэ Iэщ1эу зэрахьэжаи щыIэжькъым. Ди гъащIэми ди бзэми зэман кIыхькIэ хэкIуэдыкIауэ щыта Iэщэ лIэужьыгъуэ куэдым гъащIэ ягъуэтыж иужьрей зэманым Джатэжьей Анзор, КIэрэф Темболэт сымэ хуэдэ Iэщ1агъэлIхэм я фIыгъэкIэ. Хъапщтэмэ, куэдым хьраIуэфынукъым сэ лIэужьыгъуэу адыгэхэм зэрахьаэм зэреджэу щытар. Ар Iупщ1у щ1эзэпкърех КIэрэф Темболэт и *«Адыгэхэм я къыззрыгуэкI сэр - сэжьейр»* тхыгъэм: «Адыгэхэм зэрахьэу щыта сэхэм я фIэщыгъэцIэр абы и цIыкIуагъ-инагъ, и щытыкIэ елъытат: *сэшхуэ, сэжьей, джатэжьей, джатэ кIыхь, джатэ кIэщI, джатабгъуэ, джатэбгъуэжI1эщI, нэгъуэщIхэри».*

Лъэпкъ Iэщ1агъэр зэрыщытращ: зым хуэдизмэ адрейхэми хещIыкI. Щ1эныгъэми Iэщ1агъэми хуэIэзэ КIэрэф Темболэт и адэшхуэм и лъапсэу Щхьэлыкъуэ къуажэм дэтым кIыщ щIыкIу къыщызэригъэпэщащэу фIыуэ илъэгъуэ Iэщ1агъэм ролажьэ, и зэфIэкIхэм щыхегъахъуэ.

Джатэжьейм зэрыжиIэмкIэ, яухыным хунэмыс щIыкIэ жыхуаIэм хуэдэу, псынщIэу зэбгрокI абыхэм я Iэрыщ1хэр. Хамэ хэралхъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм «хэкужьым и фэеплъу» жаIэри здраш, ди щIыналъэм исхэм дежкIи зэман блэкIахэм, нэхъыжьхэм къагъэщIа щэнхабзэм я фэеплъщи, ахэр, дауи, лъапIэщ. Лжьыгъэм и фэеплъу езыхэм къахуэнэр я Iэрыщ1хэм я сурэтхэрщ.

Жьыжьэм къыщежьа лъэпкъ щэнхабзэм и къарур инщ, ар щIэх кIуэдыркъым. Анзоррэ и ныбжьэгъуэхэмрэ дзэзыхьэха Iэщ1агъэр гъащIэм нэхъыщхьэ щ1ахуэхъуэхэм яцIыщ. ЗэрыжаIэщи, дяпэкIэщ абыхэм я псы къэжэгъуэр. Дзэзыхьэха Iэщ1агъэм адэкIи хагъэхъуэну дащоугуГь.

ЩОДЖЭН Iэминат.

● Адыгэ Iэщ1агъэхэр

КъагъэщIэрэщIэж

Джатэжьей Анзоррэ КIэрэф Темболэтрэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

УнафэкIэ къыIахыж

«Александровскэ» агрофирмэ» ООО-м хабзэр зэригъэзащIэр КъБР-м и прокуратурэм къипщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIэ, «Александровскэ» агрофирмэ» ООО-м зэпымыуэ (пIалъэншэу) къигъэсэбэпыну хуиту, и уэтам мыльхъум хилъхьэ щIыкIэу, «Александровскэ» ФГУП-м мэкъумэш Iыхьапплl абы иритат. Ахэр Май щIыналъэм хыхьэ Александровскэ станицэм щыIэщ, Урысей Федерацэм и мылъкущ.

УФ-м ЩIымкIэ и кодексым къигъэувэр къызэпудри, апхуэдэ хуитыныгъэ ямыIэу, гектар 6670-м щIигу а щIы Iыхьэхэр Александровскэ» агрофирмэ» ООО-м и мылъкум кьыхаугъэкIри, 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м «Александровскэ» ООО-м ейм хагъэхьащ.

Къэщ1агъэща ныкъусаныгъэхэр ирагъэгъэзэкIуэжын, Урысей Федерацэм и сэфэн зыхэлъхэр яхуэмэн папщIэ, республикэм и прокуратурэм КъБР-м и Арбитраж судым игъэхащ «Александровскэ» ООО-м хуимыту зыIэригъэхьа щIыз1эдауэ щIы Iыхьэхэр «Александровскэ» агрофирмэ» ООО-м етыжыным теухуа иск тхылъ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Арбитраж судым абы хуэфащэ унафэ кьыхуигъэтащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур щыщхьэуIум и 15-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хущIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я ядолэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхущ1ыгъэхэм я нэхагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущIэгъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Чэрим Марьянэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ нап.),* **IхьитIыкI Аэмэт** *(2, 3-нэ нап.) Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Мариндж, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биду Жанн нэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20 -рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.167 ● Заказ №1373